ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ

ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ СИСТЕМАСЫ ПЕДАГОГ ҲӘМ БАСШЫ КАДРЛАРЫН ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎДИ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ

БАС ИЛИМИЙ – МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ

# “БИЛИМЛЕНДИРИЎ ФИЛОСОФИЯСЫ ҲӘМ ОНЫҢ ПЕРСПЕКТИВАЛАРЫ”

МОДУЛИ БОЙЫНША

О Қ Ы Ў - М Е Т О Д И К А Л Ы Қ К О М П Л Е К С

НӨКИС-2018

Бул оқыў – методикалық комплекс Жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип өнер тәлими бағдарлары бойынша оқыў методикалық бирлеспелер хызметин Муўапықластырыўшы кеңестиң 201__жыл ______________дағы______- санлы протоколы менен мақулланған үлги бағдарламаға муўапық ислеп шығылған.

**Дүзиўши:** - Бердимуратова Алима Карлыбпевна
Философия илимлери докторы

**Пикир бериўши:** - Абаев Сапардурды
Философия илимлери кандидаты, доцент

Оқыў методикалық комплекс Қарақалпақ мәмлекетлик университети Кеңесиниң 201 жыл «__» _________дағы ___ - санлы қарары менен басып шығарыўға усынылған.

# МАЗМУНЫ

**1.ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМАСЫ ........................................................ 4**

**2.ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ ..................................................................... 17**

**3.СЕМИНАР САБАҚ МАТЕРИАЛЛАРЫ ............................................ 51**

**4. СЛАЙД МАТЕРИАЛЛАРЫ ............................................................. 62**

**5.ПИТКЕРИЎ ҚАНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ ТЕМАЛАРЫ .................... 79**

**6. ГЛОССАРИЙ .................................................................................... 80**

**7. ТЕСТ МАТЕРИАЛЛАРЫ ................................................................. 83**

**8. ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ ................................................................ 99**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БАС ИЛИМИЙ-МЕТОДИКАЛЫҚ ОРАЙ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ ЖАНЫНДАҒЫ ПЕДАГОГ КАДРЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҚӘНИГЕЛИГИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ АЙМАҚЛЫҚ ОРАЙЫ**

"ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН"
Аймақлық орай директори
______________ К.Убайдуллаев
"______" ____________ 2018 йил

**«Билимлендириў философиясы ҳәм оның перспективалары»**
**модули бойынша**

# 1.ИСШИ ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМАСЫ

(Философия бағдары бойынша жоқары билимлендириў мәкемелери педагог кадрларын қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин жетилистириў курсы ушын)

**Нөкис – 2018**

Бул исши оқыў бағдарламасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы, кәсип өнер тәлими бағдарлары бойынша оқыў методикалық бирлеспелер хызметин Муўапықластырыўшы кеңестиң 201__жыл _______________дағы______- санлы протоколы менен мақулланған үлги бағдарламаға муўапық ислеп шығылған.

| | | |
|---|---|---|
| **Дүзиўши:** | - | Бердимуратова Алима Карлыбаевна<br>Философия илимлери докторы |
| **Пикир бериўши:** | - | Абаев Сапардурды<br>Философия илимлери кандидаты, доцент |

Исши окыў бағдарламасы Аймақлык орай Илимий-методикалық кеңестиң 2017 жыл «__» _________дағы ___ - санлы қарары менен тастыйықланған.

## Кирисиў

Бағдарлама Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2015 жыл 12 июндағы “Жоқары билимлендириў мекемелериниң басшы ҳәм педагог кадрларын қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин жетилистириў системасын және де жетилистириў илажлары ҳаққындағы” ПФ-4732-сан Пәрманындағы үстинликке ийе бағдарлар мазмунынан келип шыққан жағдайда дүзилген болып, ол ҳәзирги заман талаплары тийкарында қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў процесслериниң мазмунын жетилистириў ҳәмде жоқары билимлендириў мекемелери педагог кадрларының кәсиплик компетентлигин турақлы асырып барыўды мақсет қылады.

Бағдарлама мазмуны арнаўлы пәнлер негизинде илимий ҳәм әмелий изертлеўлер, технологиялық раўажланыў ҳәм оқыў процессин шөлкемлестириўдиң ҳәзирги заман методлары бойынша соңғы жетискенликлер, көнликпе ҳәм қәнийгеликлерин қәлиплестириўди нәзерде тутады.

Бағдарлама шегарасында берилип атырған темалар билимлендириў тараўы бойынша педагог кадрларды қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў мазмуны, сыпаты ҳәм олардың таярлығына қойылатуғын улыўма қәнигелик талаплары ҳәм оқыў режелери тийкарында қәлиплестирилген болып, бул арқалы жоқары билимлендириў мәкемелери педагог кадрларының тараўға тийисли ҳәзирги заман билимлендириў ҳәм инновация технологиялары, илимий хызметин турақлы жетилистирилиўи тәмийнленеди.

Қайта таярлаў ҳәм қәнигелигин асырыў бағдарының өзине тән өзгешеликлери ҳәмде актуал мәселелеринен келип шыққан жагдайда бағдарламада тыңлаўшылардың арнаўлы пәнлер шегарасындағы билим, көнликпе, қәнигелик ҳәм де компетенцияларына қойылатуғын талаплар жетлистирилип барыўы мүмкин.

Бул оқыў модулында тыңлаўшының оқыў жүклемеси – 28 саат болып, соннан:

Жәми аудитория оқыў жүклемеси – 26 саат;

Соннан: Теориялық сабақлар – 10 саат;

Әмелий сабақлар – 16 саат;

Өз бетинше жумыс – 2 саат

## II. Модуль атамасы: Билимлендириў философиясы ҳәм оның перспективалары

**Модульдың мақсети:** Тыңлаўшыларға билимлендириў философия пәни тараўында қолға киргизилген жетискенликлер ҳәм олардан оқыў процессинде пайдаланыўдың нәтийжели методларын таңлаў ҳәм қоллаў бойынша билим ҳәм көнликпелерди қәлиплестириў.

Билимлендириў философиясы ҳәм оның перспективалары пәнин оқытыўдың мақсети - тыңлаўшыларда тәлим системасын қурыўдың онтологиялық, аксиологиялық, логикалық, методологиялық, этикалық, идеялық тийкарлары бойынша заманагөй билимлерди қәлиплестириў, алынған билимлер тийкарында кәсиплик көнликпелерди раўажландырыў ҳәм инновациялық технологиялардан пайдаланыў шеберлигин асырыў, жеке сапаларды тәрбиялаў.

**2.1.Күтилетуғын нәтийжелер:** Тыңлаўшылар усы модульды өзлестириў процесинде төмендеги билим ҳәм қөнликпелерге ийе болады.

| **Билим** | **Көнликпелер** |
|---|---|
| • Билимлендириў философиясы пәнине тийисли тәлим онтологиясы, аксиологиясы, логикасы, методологиясы, этикасы бойынша жаңа билимлерге ийе болады | Билимлендириў философиясы пәнине тийисли тәлим онтологиясы, аксиологиясы, логикасы, методологиясы, этикасы бойынша проблемалардың мазмунын анализлей алады. |
| Жоқары мектеп билимлендириў тараўындағы процесслерди анализлеў ҳәм баҳалаў тийкарында тәлим структурасын басқарыў ҳаққындағы илимий билимлерге ийе болады. | • Жоқары мектеп билимлендириў тараўындағы процесслерди анализлеў ҳәм баҳалаў тийкарында тәлим структурасын басқарыў ҳаққындағы илимий билимлерди өзлериниң педагогикалық искерлигинде пайдаланады. |
| • Алға илгерлеўши билимлендириўдиң жаңа философиясы, раўажланыўшы тәлим, тәлимди хабарлық қоллап қуўатлаў жоллары ҳаққында перспективалық билимлерге ийе болады . | • Алға илгерлеўши билимлендириўдиң жаңа философиясы, раўажланыўшы тәлим, тәлимди хабарлық қоллап қуўатлаў жоллары ҳаққында перспективалық билимлер тийкарында оқытыўдың инновациялық технологияларынан қолланыў көнликпесин пайда етеди ҳәм бундай тәжрийбени оқыў процессине енгизеди. |
| • Үзликсиз билимлендириў – бул өмир даўамында билим алыў деген парадигма тийкарында заманагөй оқытыў системасының принциплерин үйренеди . | • Үзликсиз билимлендириў – бул өмир даўамында билим алыў деген парадигма тийкарында заманагөй оқытыў системасының принциплерин басшылыққа алып оқытыў тәжрийбесин өзлестиреди. |

## 2.2 Модуль бойынша саатлардың бөлистирилиўи:

| № | Темалар | тыңлаўшының оқыў жүклемеси, саат | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Хәммеси | Аудиториядағы оқыў жүклемеси | | | | Өзбетинше жумыс |
| | | | Жәми | Соннан: | | | |
| | | | | Теориялық | Әмелий сабақлар | Тәжирийбе алмасыў (көшпели сабақлар) | |
| 1. | Билимлендириў философиясының жүзеге келиўи, предмети ҳәм ўазыйпалары | 4 | 4 | 2 | 2 | | |
| 2. | Билимлендириў система сыпатында | 6 | 6 | 2 | 4 | | |
| 3 | Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли | 6 | 6 | 2 | 4 | | |
| 4 | Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары | 8 | 4 | 2 | 2 | | 2 |
| 5 | Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы | | 4 | 2 | 2 | | |
| 6 | Билимлендириўде инновациялар | | 2 | | 2 | | |
| | **Жәми:** | **28** | **26** | **10** | **16** | | **2** |

## 2.3. Теориялық ҳәм әмелий сабақлар темалары

| № | Модуль бирликлери атамасы ҳәм қурамы | Сабақ түри | Саатлар муғдары |
|---|---|---|---|
| 1 | Билимлендириў философиясының жүзеге келиўи, предмети ҳәм ўазыйпалары<br>1.Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатында ажыралып шығыўы<br>2.Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны<br>3.Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси. | теориялық | 2 |
| 2 | Билимлендириў система сыпатында<br>1.«Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары.<br>2.Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы<br>3.Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери | теориялық | 2 |
| 3 | Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли<br>1.Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар | Теориялық | 2 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | 2.Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери<br>3.Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары | | |
| 4 | Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары<br>1.Билимлендириў кризиси<br>2.Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар<br>3.Билимлендириў процессине ҳәзирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи | Теориялық | 2 |
| 5 | Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы<br>1.Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында<br>2.Билимлендириў инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳәм информацияласыўы.<br>3.Билимлендириўде инновациялар. | Теориялық | 2 |
| 6 | Билимлендириў философиясының жүзеге келиўи, предмети ҳәм ўазыйпалары<br>1.Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатанда ажыралып шығыўы<br>2.Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны<br>3.Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси. | Әмелий | 2 |
| 7 | Билимлендириў система сыпатында<br>1.«Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары<br>2.Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы<br>3.Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери | Әмелий | 4 |
| 8 | Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли<br>1.Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар<br>2.Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери<br>3.Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары | Әмелий | 4 |
| 9 | Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары<br>1.Билимлендириў кризиси<br>2.Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар<br>3.Билимлендириў процессине ҳәзирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи | Әмелий | 2 |
| 9 | Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы<br>1.Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында<br>2.Билимлендириў инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳәм | Әмелий | 2 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | информацияласыӯы. | | |
| 10 | Билимлендириӯде инновациялар<br>1.Билимлендириӯ процессиндеги методика ҳам технологияның өзгешеликлери<br>2.Гуманитар пәнлерди өтиӯде алдыңғы методикалар | Әмелий | 2 |
| | **ЖӘМИ:** | | **26** |

**2.4. Өзбетинше жумыс ушын темалар**

| № | Модуль бирликлери бойынша өзбетинше жумыс темалары | Саатлар муғдары |
|---|---|---|
| 1 | Билимлендириӯ процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары | 2 |
| | **Жәми:** | **2** |

**БАҲАЛАЎ КРИТЕРИЯЛАРЫ**

| № | Оқыў-тапсырма түрлери | Максимал балл | Баҳалаў критериялары | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **2,5** | **"айрықша" 2,2-2,5** | **"жақсы" 1,8-2,1** | **"орта" 1,4-1,7** |
| **1.** | PEST тапсырмасын орынлаў | 2 | 1,72-2 | 1,42-1,7 | 1,1-1,4 |
| **2.** | Өз бетинше жумыс тапсырмаларын орынлаў | 0,5 | 0,4-0,5 | 0,34-0,44 | 0,28-0,3 |

# III. МОДУЛЬ МАЗМУНИ

## 3.1. ТЕОРИЯЛЫҚ САБАҚЛАР МАЗМУНЫ:

### 1-тема. Билимлендириў философиясының жүзеге келиўи, предмети ҳәм ўазыйпалары

**Реже:**

1.Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатында ажыралып шығыўы

2.Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны

3.Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси.

### 2-тема: Билимлендириў система сыпатында

**Реже:**

1.«Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары.

2. Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы

3.Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери

### 3-тема: Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли

**Реже:**

1.Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар

2.Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери

3.Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары

### 4-тема Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары

**Реже:**

1.Билимлендириў кризиси

2.Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар

3.Билимлендириў процессине ҳазирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи

### 5-тема. Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы

**Реже:**

1.Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында

2.Билимлендириў инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳам информацияласыўы.

3.Билимлендириўде инновациялар.

## 3.2. ӘМЕЛИЙ САБАҚЛАР МАЗМУНЫ

**1-тема. Билимлендириў философиясының жүзеге келиўи, предмети ҳәм ўазыйпалары**

**Реже:**

1.Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатанда ажыралып шығыўы

2.Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны

3.Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси.

**2-тема.Билимлендириў система сыпатында**

**Реже:**

1.«Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары.

2.Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы

3.Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери

**3-тема. Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли**

**Реже:**

1.Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар

2.Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери

3.Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары

**4-тема. Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары**

**Реже:**

1.Билимлендириў кризиси

2.Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар

3.Билимлендириў процессине ҳазирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи

**5-тема. Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы**

**Реже:**

1.Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында

2.Билимлендириў инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳам информацияласыўы.

**6-тема. Билимлендириўде инновациялар**

**Реже:**

1.Билимлендириў процессиндеги методика ҳам технологияның өзгешеликлери

2.Гуманитар пәнлерди өтиўде алдыңғы методикалар

## 4. Қадағалаў ушын сораўлар:

1. Билимлендириў философиясы предметине қандай мәселелер киреди?

2.Билимлендириў философиясы өз алдына тараў сыпатында қашан пайда болған?

1. Билимлендириў философиясының басқа философиялық илимлер менен байланысын түсиндириң.

2. Билимлендириўдиң гуманизациясы дегенде нени түсинесиз?

3. Система дегенимиз не?

4. Билимлендириўдиң система сыпатындағы өзине тәнликлери қандай?

5. Билимлендириўдиң система сыпатындағы тийкарғы подсистемалары ҳам олар арасындағы байланысты түсиндириң

6. Билим бериўде метод ҳәм технология түсиниклериниң өзгешеликлери қандай?

7. Жоқары билимлендириў системасының билим бериў системасындағы орны ҳаққында не айта аласыз?

8. Жоқары билимлендириў системасын реформалаўдың тийкарғы бағдаралары хаққында нелерди билесиз?

9. Шахсқа бағдарланған билимлендириў дегенде нени түсинесиз?

10. Билим бериў тараўы менен экономика тараўларының байланысын калай тусиндирген болар едиңиз?

11. Бүгинги күнде билимлендириў тараўындағы кризис нелер менен белгиленеди?

12. Билимлендириўге жәмийеттиң раўажланыў бағдары кандай талапларда козге тасланады?

13. Дөретиўшиликке бағдарланған билимлендириў дегенде нелерди түсинесиз?

14. Тәбийи илимлерди гуманизацияланыўына мысаллар келтирсеңиз.

15. Билимлендириў мәмлекет ушын кадрият дегенде нени түсинесиз?

16. Жәмийет уын билимлендириўдиң кадрияты нелерде көзге тасланады?

17. Инсан ушын билимлендириўдиң кадрият екенлигинен қандай жуўмақлар шығады?

18. Инновация денде нени түсинесиз?

## 5. ОҚЫТЫЎ ҚУРАЛЛАРЫ

1. Слайдлар
2. Компьютер
3. Интернет системасы
4. Видеопроектор
5. Кадоскоп
6. Флипчарт
7. Презентация
8. Доска
9. Пор
10. Комплекс
11. Маркерлер

## 6. Әдебиятлар

### I. Басшылыққа алынатуғын әдебиятлар:

1. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. –Т.: “Маънавият”, 2008.–Б.176.

2. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. –Т.: “Ўзбекистон”, 2011.–Б.440.

3. Каримов И.А. Она юртимиз бахти иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат қилиш – энг олий саодатдир. –Т:. “Ўзбекистон”, 2015. –Б.302.

4. Мирзиёев Ш.М. “Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимига бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи. – Т.: “Ўзбекистон”, 2016. –Б.56.

5. Мирзиёев Ш.М. “Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халқ фаровонлиги гарови” мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 24 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. –Б.48.

6. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. – Т.: “Ўзбекистон”. – 2017.– Б.102.

7. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб ҳалқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: “Ўзбекистон”, 2017. –Б.488.

### II. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер:

1.Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2014.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги 4947-сон Фармони.

3. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 5 июлдаги “Ёшларга оид давлат сиёсати самарадорлигини ошириш ва Ўзбекистон ёшлар иттифоқи фаолиятини қўллаб-қувватлаш тўғрисида”ги 5106-сон Фармони.

4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2015 йил 12 июндаги “Олий таълим муасасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 4732-сон Фармони.

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 2 февралдаги “Коррупцияга қарши курашиш тўғрисида”ги Ўзбекистон Республикаси Қонунининг қоидаларини амалга ошириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-2752-сонли қарори.

6. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 20 апрелдаги “Олий таълим тизимини янада ривожлантириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги ПҚ-2909-сонли қарори.

7. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 26 сентябрдаги “Олий таълим муассасалари педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 278-сонли қарори.

8. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2015 йил 20 августдаги “Олий таълим муассасалари раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва малакасини оширишни ташкил этиш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 242-сонли қарори.

9. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2017 йил 27 февралдаги “Олий таълим муассасаларининг раҳбар ва педагог кадрларини қайта тайёрлаш ва уларнинг малакасини ошириш курслари тўғрисидаги низомга ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш ҳақида”ги 103-сонли қарори.

## Ш. Арнаўлы әдебиятлар:


1. Азизходжаева Н.Н. Педагогик технологиялар ва педагогик маҳорат. Т.: Молия, 2003 – 192 б.
2. Ракитов А.И. Философские проблемы науки. М., Мысль. 1977, 270 с.
3. Шермухамедова Н.А. Гносеология – билиш фалсафаси. Т., Ношир, 2011.
4. Шермухамедова Н.А. Фан фалсафаси. Т.: Ношир, 2013.
5. Shermuxamedova N. Falsafa va fan metodologiasi. T.: Axborot texnologialari, 2008.
6. Юдин Э. Г. Методология науки. Системность. Деятельность. Серия: Философы России XX века. Изд. 2, стереотип. ЛЕНАНД. 2016. 448с.
7. DUET-Development of Uznekistan English Teachers – 2-tom. CD va DVD материаллари, Тошкент. 2008.
8. Michael McCarthy English Vocabulary in use. Cambridge University Press, 1999, Presented by British Council.
9. Шагиахметов М.Р. Основы системного мировоззрения. Системно-онтологическое обоснование. М.: КМК, 2009. 263 с.


## IV. Электрон тәлим ресурслары:

1. www. Lex.uz
2. www. Zionet.uz
3. www.edu.uz.
4. www. Ma`naviyat.uz
5. www.faylasuf.uz
6. www.Bilim.uz
7. www.Fikr.uz
8. www.Uza.uz
9. www.Senat.uz
10. www. Nauka.uz
11. www.Muloqot.uz
12. www. Xabardor.uz
13. www.Huquqburch.uz
14. www/.arcto.uz.
15. http:// www.bimm.uz

16. Philosoff.ru
17. grani.agni-age.net
18. http://Philosophy.ru

## 2.ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

# 1-ТЕМА. БИЛИМЛЕНДИРИЎ ФИЛОСОФИЯСЫНЫҢ ЖҮЗЕГЕ КЕЛИЎИ, ПРЕДМЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

***РЕЖЕ:***

*1.1. Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатында ажыралып шығыўы*
*1.2. Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны*
*1.3. Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси*

**Таяныш сөзлер:** *философия, билим, илим, дүньяға көз-карас, цивилизация, формация, жәмийетлик раўажланыў, прагматизм, неопозитивизм, гуманизация*

## 1.1. Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатында ажыралып шығыўы

Билимлендириў философиясы философиялық билимлер системасында өз алдына тараў сыпатында XX әсирде қалиплести. Бул бағдардың тийкарын салыўшы сыпатында америкалы философ Джон Дьюи тән алынады. Билимлендириў философиясы тиккелей философияны түсиниў менен байланыслы болады. Ең дәслеп, философия бул «таза» яки «жаңа» илим сыпатында алып қаралатуғын турақлы ҳәм кең тарқалған көз карaслардан қутылыўымыз керек. Бул жағдайда философия оқыў дисциплинасы (пәни) сыпатында бир қанша билимлер суммасына (жыйындысына) тең болады, бул жерде атап өтиўимиз тийис – ең төмен көрсеткиш: биринshiден, бул студенттиң философия бойынша алған билимлерин экзамен ўақтында «тапсырып», кейин ала «умытып қалыўы»; екиншиден, өте жақсы көрсеткиш – бул студенттиң көз карасын кеңейттириўде үлкен әхмийетке ийе ҳәм «философиялық билимданлық» дәрежеси күшейеди.

Улыўма Билимлендириў философиясы, көбинесе курстың анаў яки мынаў бөлимлериниң қосындысының баян етилген жеке методикасы болып есапланады, яғный атап өтиўимиз мүмкин, онтология, гносеология, социаллық философии ҳәм т.б. Тарийхий-философиялық проблемалық майданда философия реаль илим ямаса илим методологиясы сыпатында емес, ал иррационалистлик ҳәм рационалистлик универсаллық дүньятаным яки дүньяны түсиниў мәденияты болып табылады. Бул жерде оқытыўшының тийкарғы концептуаль ўазыйпасының бири болып философиялық ойда усы атап өтилген мәдениятты пайда етиў, қәлиплестириў ҳәм оған студентти үйретиў.

Методикалық жақтан бул процесс тийкарынан студентти оригиналь философиялық текстлер менен ислесиўге үйретиў, дүнья жүзлик философиялық процессте болып өтетуғын көп аспектли тарийхта сәўлелендиретуғын проблемалық ситуацияларды анализлеўге үйретиў болып есапланады. Философия барлық ўақытта дүнья жүзлик раўажланыўдың догмалық яғный «қатып қалған» билим алыў схемасын қурыўға умтылды.

Ҳәзирги ўақытта философияны үйрениў, философиялық билимлерге ийе болыў, философиялық ағартыўшылыққа болған мүхтәж, философиялық ой-пикир жүритиў, дүньяны сезе билиўҳәм дүньятаным сыпатында оғада әҳмийетке ийе.

Философияға болған оғада зәрүрлик адамның руўхыйлығынан, ҳәзирги заман баҳалықлардың кризисинен тиккелей байланыслы болады. Буд жерде атап өтиўимиз мүмкин адамды биологиялық түр сыпатында сақлап қалыў, еркинлик дәрежеси ҳәм де пухаралық жәмийеттиң болмысын характерлейтуғын стратегияларды ислеп шығыў баслы мәселе болып табылады.

Ал философияға болған жеке мүтәжлик болса, К.Ясперстиң айтыўы бойынша, «Адамлар жасап атыр екен, демек философияның болмаўы мүмкин емес. Философия тийкарынан басқа мақсетлерден жоқары өмирдиң мазмунына ийе болыў, жасаўдың мақсетин аңлап жетиў, бул мазмунды ҳәзирде аңлап алып – ҳәзирги тийкарында келешекке хызмет етиў, - ҳеш қашан қандай-да бир адамды ямаса улыўма адамды усыл сыпатына (дәрежесине) түсирмеў. Философиялық ой-пикир жүритиў (философствование) барлық ўақыттағы ўазыйпасы бундай: болмысты түсиниў тийкарында ҳақыйқый инсан болыў…» (К.Ясперс. Философская вера // смысл и назначение истории. М., Республика, 1994. с. 500).

Жоқарыда айтылғанлардың барлығы студент тәрепинен философия бойынша стандарттың минимумын, яки философияны оқытыў дисциплинасын үйренип алыў зәрүрлигин туўдырады. Бирақ, бул жерде философияны үйренип алыў – мақсет емес, ал усыл сыпатында алып қараймыз: ол механикалық-формаллық болмаўы керек, ол идеалында студенттиң жеке раўажланыўына тәсир етиўи керек.

XXI-әсир басындағы реалийлер, яғный фактлер, ҳақыйқый социаллық процесслер, қубылыслар, үшинши мың жыллықта улыўмацивилизациялық раўажланыўдың перспективалары, билимлендириў тараўының гуманизацияланыўы ўазыйпалары, билимлендириўдиң «алға озып өтиўи»ниң пайда болыўы, булардың барлығы объектив көз қарастан кәнигени таярлаўда оның жеке раўажланыўын ең биринши планға қояды. Егерде, дәслебинде билимлендириў процессинде тийкарынан шахстың қәлиплесиўи алға қойылған ўазыйпа болған болса, ал ҳәзирде, билимлендириў процессинде нонконформистлик шахстың қәлиплесиўи, социаллық орталықта толерантлы ҳәм өзин өзи реализациялаў ҳәм өзин өзи актуализациялаўға бағдарланған шахсты қәдиплестириў ҳәм тәрбиялаў баслы мәселе болып табылады. Бул контексте жоқары оқыў орнында өтилетуғын философия предметиниң роли жүдә күшли. Бул жағдайда тийкарынан принципиаллық жақтан философияны үйрениў процессинде, студент тек ғана белгиленген билимлер жыйындысын ғана үйрене қоймастан, ол жаңа социаллық жақтан зәрүрли тәжирийбе топлап, «өзин өзи пайда етип», философиялық ой-пикир жүритиўдиң, дүньяны билиў ҳәм дүньяны

түсиниў усылы сыпатында көникпелерди үйренип, өзлестирип алыў болып табылады.

Философиялық ой-пикир жүритиўдиң өзеги сыпатында еркин пикирлеў, тийкарғы баҳалық ориентациясы болып – толерантлық есапланады. Келешектеги кәниге ушын философиялық мәдeният оның профессиоаллық тийкары болып табылады. Ол тийкарынан студенттиң жаңа билимлерди өзлестирип билип алыўына, жаңа информациялық, технологиялық ҳәм дүньяға көз қараслық парадигмаларға тез көникиб, адаптацияланыўы ҳәм билим алыўды тийкарғы ҳәм жоқары баҳалық сыпатында алып қарайтуғын шахстың кәлиплесиўине дерек болады.

Студенттиң шахс сыпатында қәлиплесиўи менен бара бар философиялық мәдениятының концептуаль критерийи, яғный өлшеминиң қәлиплесиўиниң тийкарғы басқышлары болып төмендегилер табылады:

- арнаўлы белгиленген философиялық терминология ҳәм категориаль-түсиник аппаратын белгили дәрежеде өзлестирип алыў;
- арнаўлы философиялық әдебиятларды ҳәм оригиналь философиялық текстлерди оқыў;
- философиялық диалог ҳәм философиялық дискурс жүргизиў уқыплылығына ийе болыў;
- философиялық ой-пикир жүритиў дүньяны билип алыў ҳәм дүньяны түсиниў усылы сыпатында үйрениўдиң жеке талабы;
- ғәрезсиз толерантлық ойлаў дүньяға көз қараслық-искерлик баҳалық сыпатында;
- профессиональ искерлик процессинде философиялық мәдениятты реализациялаў.

Жоқарыда көрсетилген ҳәм атап өтилгенлердиң барлығы теоретикалық-методологиялық тийкар болып, «Билимлендириӯ философиясы» курсын дүзиў ҳәм оқытыўда дәслепки баҳалық установкалардың бири болып есапланып, оның мазмуны философия курсының айырым бөлимлерин ямаса айырым темаларын үйрениўдеги жеке методикалар жыйындысы болып қоймастан, философияны оқытыўдың улыўма методикасы болыўы тийис. Усындай подход «тарийхий жақтан» В.И.Разин тәрепинен «Жоқары оқыў орынларында философияны оқытыўдағы улыўма методика» атлы 1977 жылы баспадан шыққан мийнетинде усынылғын. (Разин В.И. Общая методика преподавания философии в вузах: Метод. Пособие для преподавателей. М.: Высшая школа, 1977).

## 1.2. Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны

Келешекте философия пәни бойынша оқытыўшыларды таярлаўда ҳәм оларды үйретиў процессинде есапқа алмаўымыз мүмкин болмаған бир қанша қарама-қарсылықлар жүзеге келеди. Мәселен, айтып өтиўимиз мүмкин:

- биринשиден, студенттиң оқыў-үйрениў искерлигиниң абстракт предмети (философиялық мектеплер ҳәм бағларлар, дереклер текстлери ҳ.т.б.) ҳәм үйренилип атырған профессиональлық-педагогикалық искерлигиниң реаль предмети арасында;

- екиншиден, профессиональлық искерликтиң мазмунының бир пүтинлиги ҳәм студент тәрепинен көп предметлер (яғный, философия тарийхы, онтология ҳәм билиў теориясы, логика, мәденияттаныў, педагогика ҳәм психология, этика, эстетика ҳ.т.б.) үйренип алыўы арасында;

- үшиншиден, профессиоаллық-педагогикалық искерликтиң реализацияланыўының жәмийетлик формасы ҳәм студенттиң оны менгерип алыўының жеке формасы арасында бир қанша қарама-қарсылықларды көриўимиз мүмкин.

Оннан тысқары, атап өтиўимиз мүмкин, студентлердиң өзиниң бар мүмкиншиликлериниң ҳәм уқыплылығының өзи тәрепинен өзин өзи баҳалаўының өте төменлеп кеткенин, олардың келешектеги философия пәни оқытыўшысы болыўындағы ҳәм келешектеги педагогикалық искерлигине де айырым негативлик қатнас жасаўы тәреплерин бақлаўға болады.

Усындай қарама-қарсылықлардың ҳәм проблемалардың шешилиўинде «Билимлендириў философиясы» курсында студентлердиң келешектеги профессиональлық-пелагогикалық искерлигинде теориялық билимлердиң әмелий уқыплылық ҳәм көникпелериниң байланысын тәмийинлеп турыўшы сондай оқытыў системасын пайда етиў зәрүр.

Курсты менгерип алыўдың төмендеги дәрежелерин бөлип көрсетиўге болады:

- репродуктив, яғный, методикалық билимлерди алыў;

- методикалық билимлерди алыўда үйренип алыў дәрежеси, яғный, лекцияның жобасын ҳәм оның текстлерин дүзиў, әмелде қолланылып атырған оқыўлық ҳәм оқыў қолланбаларға сын жазыў, үйренилип атырған темаларға теориялық ҳәм праткикалық жақтан өзиниң концепцияларын усыныў, студенттиң ойлаў искерлигин, ойлаў қәбилетин активлестириўге бағдарланған ҳәм оларды шешиўде усыллар ҳәм жолларын табыўға қаратылған, мәселелер менен байытылған семинар сабақларын ислеп шығыў, оннан тысқары «Философия» курсының бағдарламасының авторлық вариантын пайда етиў ҳ.т.б.;

- белгиленген көникпелер ҳәм уқыплылық дәрежелерин менгерип алыў, яғный, лекцияның жобасын ҳәм оның текстлерин, оқыўлық ҳәм оқыў қолланбаларға жазылған сынды додалаў, философиялық курс бойынша студент тәрепинен усынылған авторлық бағдарламалар вариантларын анализлеў, оқыў процессинде рольлик ойын шегарасындағы семинар сабақлардың ситуацияларын моделлестириў ҳ.т.б.

Келешекте философия пәни оқытыўшысын таярлаўда, студенттиң жеке жетискенликлерин қадағалап турыўшы ҳәм оның (студенттиң) кейинги профессиональлық қәлиплесиўине тәсирин тийгизетуғын тапсырмалардың формулировкаланыўында жоқарыда атап өтилген ҳәр бир дәреже белгили бир баҳаны пайда етеди. «Билимлендириў философиясы» сабағын ҳәм оны өткериў формасын шөлкемлестириўде принципиаль әҳмийетли орынды шахсқа бағдарланған педагогикалық технологиялар ийелейди. Олардың тийкарында диалоглы принцип қойылған болып, яғный, бул оқытыўшының ҳәм студент арасындағы, бул жерде айтып өтиўимиз керек – болашақ оқытыўшыны кәсиплес қатарына киргизилгенлиги ҳәм олар арасындағы тең ҳуқықлы қатнас пайда болғанлығы, ҳәр бир үйрениўшиниң өз бетинше ис алып барыўының майданын кеңейтиў баслы мәселе есапланады.

Усындай оқыў процессинде оқытыўшы тек ғана оқытып қоймастан, ал студентти профессиональлық раўажланыўына бағдарлап ҳәм оның әмелге асырылыўына қолай жағдай жаратады.

Солай етип, атап өтиўимиз керек, «Билимлендириў философиясы» курсы өзиниң зәрүрияты бойынша базалық философиялық курсларға салыстырғанда екинши орында турады ҳәм олардан ғәрезли болады. Мазмуны жағынан бул курс кәнигеликтиң барлық улыўма профессиональлық дисциплиналарына ҳәм «Психология ҳәм педагогика» курсына таянады.

XXI-әсир жәмийеттиң раўажланыўында руўхыйлықтың үстемлилиги, Өзбекстанның өзине тән раўажланыў моделинде базар экономикасының руўхый факторы, талабы педагогиканы глобалласыўына тийкар болды.

Социаллық турмыс сферасында таълим-тарбияны әмелге асырыўдың өзине тән өзгешеликлерин үйренетуғын педагогиканың оннан артық тармақлары пайда болды. Жоқары оқыў орны педагогикасы мәмлекетте жоқары оқыў орынларында билимлендириўдиң раўажланыўына байланыслы ҳалда өз алдына пән сыпатында раўажланып келмекте.

### 1.3. Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси.

Жоқары мектеп педагогикасы ең дәслеп таълим-тарбия процессиниң төмендеги улыўма нызамлықларына тийкарланады:

**1. Таълим-тарбия процессиниң бар болған шараятқа, дәўир талабына сай келиўи.** Педагогиканың предмети болған таълим-тарбия адамлар жәмийети тарихий раўажланыўында жасларды өмирге таярлаў, мийнет искерлигине таярлаў буйыртпасына тийкарланған ҳалда раўажланған. Бүгинги күнде, илимниң тез пәт пенен раўажланыўы, базар экономикасы шараятында жоқары таълимге жәмийеттиң буйыртпасы, кадрлар таярлаўдың миллий дәстүринде белгилеп берилген.

**2. Философияның, теорияның әмелият пенен бирлиги** философиялық категориясы таълим-тарбия процессиниң нызамлықларының бири болып есапланады. Жоқары таълимде теорияның әмелият пенен ара бирлиги болашақ кәнигелерди өмирге таярлаўдың тийкары болып табылады.

**3. Таълим-тарбия ҳәм раўажланыўдың өз-ара байланысының нызамлықлары** Өзбекстанның өзине тән раўажланыў моделинде руўхыйлықтың, таълим-тарбияның үстинлигин тәлиматының тийкарын салыўшы Президентимиз И.А.Каримовтың «Жоқары манаўият – жеңилмес күш» китабында айтып өтилгениндей, «Таълимди тәрбиядан, тәрбияны болса тәлимнен ажыратып болмайды – бул шаркона қараш, шаркона өмир философиясы».

**4. Таълим-тәрбияның студентлер имканияты ҳәм уқыплылығына сай келиўи нызамлықлары** жоқары мектеп дидактикасының тийкарғы принциплеринде өз сәўлесин тапқан. Зыялы, билимдан, зийрек студентлерди табыў, олардың билим-көникпелерин раўажландырыў доқары мектеп искерлигиниң өлшемине айланған. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының жасларының дүнья жүзлик аренаға шығыўы, болашақ Аль-Хорезмий, Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Навоиларды тәрбиялаўдың теориялық тийкарларын жаратыў нәзерде тутылған.

**5. Педагигиканың үйретиў ҳәм үйрениўдиң бирлиги, оқытыўшы ҳәм студентлер искерлигине бийланыслы болыў нызамлықлары** таълим процессии технологиясы әмелиятқа тийкарланады. «Жоқары мектеп педагогикасы» оқыўлығында таълим-тәрбияға технологиялық, системалық қатнас жасаў методологиясы тәжирийбеде сыналған. Ҳәм, таълим системасында бюрократиялық дүзимнен парқланатцғын оқытыўшы ҳәм студент бирге ислесиў методикасы ислеп шығылған.

**6. Таълим мақсети, мазмуны, методлары ҳәм формаларының ара байланысының педагогикалық нызамлықлары** жоқары таълимде ҳәм педагогикалық технологияны нәтийжели қоллаў имканиятын береди. Педагогикалық процесстиң бул нызамлықларының бири ҳәзирги дәўирде таъдим-тәрбияны шахсқа бағдарланған мақсетин өз ишине қамтыйды.

Болашақ қәнигелерди ҳәр тәреплеме қәлиплестириў олардың кәсиплик шеберлигин ҳәм руўхый-этикалық, физикалық пазылетлерин пайда еттириўде шахсқа бағдарланған таълим-тәрбия концепциясы ислеп шығылғанлығы пәнниң жеңиске ерисиўлериниң бири. Соның ушын да ҳәр бир пәнди үйрениўде болашақ қәниге өз «мен»ин билиўге қаратылыў мақсетке муўапық. Таълим-тәрбия мазмунын белгилеўде талим стандартлары тийкарында **пәнлерара байланыс нызамлықлары** ҳәм бирге ислесиў жоллары методологиялық характерге ийе. Кең имканиятлы, ҳәр тәреплеме раўажланған қәнигелерди таярлаўда қәнигелик пәнлер методикасы, бизиң жағдайымызда «Билимлендириў философиясы» ҳәм педагогиканың улыўма нызамлықларына тийкарланады.

**Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Билимлендириў философиясы предметине қандай мәселелер киреди?
2. Билимлендириў философиясы өз алдына тараў сыпатында қашан пайда болған?
3. Билимлендириў философиясының басқа философиялық илимлер менен байланысын түсиндириң.
4. Билимлендириўдиң гуманизациясы дегенде нени түсинесиз?

**Қосымша әдебиятлар:**

1. Каримов И. Асарлар. 1-14-жилд. –Т.: Ўзбекистон, 1996-2007
2. Балаев А.А. Активные методы обучения. М.,1986
3. Фалсафа қомусий луғат. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2005
4. Ғарб фалсафаси. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2004

# 2-ТЕМА: БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМА СЫПАТЫНДА

***РЕЖЕ:***

*2.1. «Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары.*
*2.2. Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы*
*2.3. Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери*

Реже:

**Таяныш сөзлер:***система, элемент, структура, гуманизация, үзиликсизлик, билимлендириўди реформалаў, билимлендириў дәрежелери, билим бериў усыллары*

## 2.1. «Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары

Педагогикалық система «үлкен системаның» (тәлим системасының) элементы сыпатында «тең салмақлықтың улыўмалық нызамына» – берилген системадағы қарама-карсы күшлердиң өз-ара қатнасы дәрежесин сәўлелендириўши тәбияттың универсаллық нызамына тийкарланған ҳалда қаралыўы тийис. Ол системаның берилген сәйкеслик шегарасында раўажланыў бағдарын ҳәм тийкарын аңлатады. Системадағы тең салмақлылық ҳалат қәлеген болыўы мүмкин, бирақ идеалда ҳақыйқый тең салмақлылыққа ийе болыўы тийис, себеби сол ўақытта берилген системаның қарама-қарсы күшлери барабар теңликте болады. Қәлеген система сапалылық (исенимлилик) ҳәм турақлылық түсиниклери менен сыпатланады. Бул түсиниклер системаның теңсалмақлылық түсинигине арқа сүйейди.

Қәлеген система турақлы болады, егер ол тең ҳәрекет етиўши күшлердиң зәрүрли балансына ийе болса, жасағыш болады, егер ол үзликсиз жаңаланыў, бийимлесиў ҳәм системаны тең салмақлылық жағдайына алып келетуғын механизмине ийе болса, узақ жасайды ҳәм келешеги болады, егер оның раўажланыў векторы (бағдары ҳәм тийкары) бир пүтин системаның (яки оның элементлериниң көпшилигине) мәплерине сәйкес келсе.

Дүнья жүзлик тарийхый тәжрийбе тең салмақлылық нызамының бийкарланыўы, әсиресе адамзаттың социаллық-экономикалық раўажланыўында қәлеген системаны (сиясий, экономикалық, әдеп-икрамлылық ҳәм қәлеген басқа) сөзсиз истен шығарған.

Педагогикалық системаның структуралық
сызылмасы




Бул ҳалатты бизлер өзимиздиң раўажланыў басқышымызда да гүзеткенбиз. Бизиң елимиз базар системасына өткеннен кейин, бурын мәмлекет тәрепинен қоллап қуўатланған тәлимдеги салыстырмалы турақлылық интенсив түризде ыдырай баслаған. Тәлим системасы экономикалық, сиясий, социаллық, технологиялық ҳәм басқа факторлардың күшли тәсири астында қалады. Нәтийжеде тең салмақсызлық ҳалаты, шеги жүз береди, тәлим системасы тең салмақлық ҳалатынан шығады, бурынғы турақлы ҳалатқа қайтыўдың өзи бүгин мүмкин емес, өйткени әдеттеги ҳәм жақсы иске қосылған механизм жаңа жағдайларда ҳәрекет ете алмайды. Сол себепли ҳәзирги жағдайда экономикалық илим, әсиресе базар қатнасықлары жағдайларындағы тәлим экономикасы тийкарында тәлимди реформалаўға болған усылларды ислеп шығыў талабы бар. Мәселениң бундай қойылыўы күшейип баратырған улыўмакризислик жағдайда тәлимниң адамзаттың социаллық Аман қалыўының ҳәм раўажланыўдың жаңа цивилизациялық басқышқа өтиўиниң гаранты (кепили) бола алтуғынлығынан дерек береди.

Техинка ҳәм өндирис әмелиятында бурыннан тең салмақлық нызамы айқын емес көринисте пайдаланылады. Ушыў судннасының турақлылығы, оның хызмет көрсетиў исенимлилиги (беккемлилиги) тең салмақлылык түсинигин басшылыққа алыўды талап етеди. Социаллық раўажланыўдың үстинликке ийе факторларының бирине тәлимниң айланыўы оқыў мәкемелериниң «жуўапкершиликли тәлим орталығына» айланыў зәрүрлигин береди. Ол XX - әсирдиң механикалық дүньяға көз қарасына сәйкес келмей, ал XXI-әсирдиң дүньяның өзин шөлкемлестириў концепциясы логикасына тийкарланыўы тийис.

## 2.2. Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы

Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы егер оның элементлери өз-ара байланысқан, бир стратегиялық мақсетке бойсынған болса ғана тәмийинленеди, яғный конвенгерция тийкарында ҳәрекет етеди. «Педагогикалық» системаның элементлерине болған интегративлик принцип оның толық ҳәрекет етиўин ҳәм «үлкен системалардың» мәпин есапқа алған ҳалда өмир сүриўин тәмийинлейди.

Бизлер қарап атырған педагогикалық системаның турақлылығын, жасаўын, перспективасын тәмийинлеўши жағдайларды анализлеў оқытыў технологиялары жойбарластырыўдың (усыллар, формалар, қураллар, оқыў-илимий база арқалы мақсетлерден оқытыўдың нәтийжелерине ерисиўге шекем), жоқары тәлимдеги оқытыў процессин кейинги қайта тиклеўин дүзетиў, иске асырыўдың системалық методы сыпатында алға сүрилсе мүмкин болады. Бул гипотетикалық жағдай педагогикалық системаның мақсетке тийкарланғанлығын дәлиллеп коймастан, оның компонентлериниң барлығын информатизациялаў зәрүрлигин ашып береди.

Оқыў процесси дөретиўшиликке тийкарланған жумыс, сол себепли бизлерден тәлимди стандартластырыў мәселесин түсиниўди талап етеди.

Стандарт жоқарыдағы анықламада көрсетилгениндей диагностика арқала сәўлеленген тәлимниң белгили тәреплерине қойылатуғын зәрүрли минимал талапларды аңлатады. Тәлимниң қандай тәреплерин стандартластырыўымыз тийис ҳәм мүмкин болады?. Бул сораўға жуўап бериўимиз ушын қәлеген тәлим шөлкеминиң педагогикалық системасының элементлерин анализлеўимиз зәрүр. Себеби қәлеген педагогикалық система дидактикалық мәселени ҳәм элементлерди қәлиплестиретуғын, бул мәселени шешиў қуралы сыпатында дидактикалық процесслерди сүўретлеўши элементлерден турғанлығы себепли, тәлимдеги стандартластырыў да еки аспекттен турады

1. Дидактикалық мәселе. Оның формулировкасы педагогикалық системаның үш элементиниң: студентлер, оқытыў (тәлим) мақсети, оқытыў (тәлим) мазмунының структурасын ашыў жолы менен иске асрылады.

Студентлерге келсек, олардың белгили бир педагогикалық системаға кириўи ҳәм онда болыўы ушын олардың инсанлық сапалары белгили бир талапларға (интеллектуаллық, әдеп-икрамлы, социаллық, физикалық, эстетикалық таярлықтың дәслепки дәрежеси, оқыўдың мотивацияланыўы, материаллық тәмийинлениў ҳ.б.) жуўап бериўи тийис.

Педагогикалық системаның бул берилгенлигине қатнаста талаплардың бундай минималлық дәрежеде белгилениўи оның нормаға ийе болыўы, яғный сәйкес стандарт формасында анықланылыўы менен гүзетиледи. «Белгили бир оқыў орнына тапсытырыўшыға қойылатуғын негизги (дәслепки) талаплар» деген түрге келтириледи. Бундай стандарт көпшилик жағдайда гуманистлик қәсийетлерге де ийе болады. Ол жоқары оқыў орынларына тапсырыўдың барлық процедураларынан анықсызлықты алып таслайды. Ол тәлим системасының мийраслығын, бир пүтин тәлим кеңислигин қәлиплестириў проблемасын шешиўге хызмет етеди.

2. Тәлим (оқытыў) мақсети. Бул жерде стандартлаастырыўдың зәрүрлигин дәлиллеп отырыўға зәрүрлик жоқ болса керек деп ойлаймыз. Бирақ педагогикалық системаның басқа бөлегин – дидактикалық процесслерди анализлеўде стандартластырыўдың басқа картинасы ашылады. Бизге мәлим болғанындай оқытыў технологиясының тийкарғы компонентлерин оның мазмуны, дидактикалық процесслердиң өзи, оқытыўдың шөлкемлесиўши формалары, оқытыў қураллары ҳәм оқытыўшылар береди. Дидактикалық процесслерди таңлаў ҳәр қыйлы көз қараслар менен бериледи, олар ҳәр қыйлы оқыў орынларында, ҳәр қыйлы оқытыўшылардың орынлаўында бирдей болыўы мүмкин емес. Усыған байланыслы дидактикалық процесслерди стандартластырыў талап етилмейди, усыны иске асырып бизлер жоқары оқыў орнын ҳәм оқытыўшыларды бундай стандартларды сақлаўдың мүмкин емеслигинен қутқарамыз.

Жоқары оқыў орынлары ҳәм оқытыўшыларға, тән алынған авторлық мектеплерге бул мәселени шешиўде еркинлик бериледи, стандартқа тийкарланған типлик нормаларды, усыныс етилетуғын, бирақ шәрт болмаған дидактикалық процесслерди ислеп шығыў жолы менен олар дөретиўшилик қатнас жасап бул мәселени шешеди. Дидактикалық қуралларды ислеп шығыў менен гүзетилмейтуғын стандартларды ислеп шығыў, олардың (сабақлықлардың ҳәм типлик дидактикалық процесслердиң) иске асырылыўы тәлим стандартының идеясында бузыўға алып келеди ҳәм бизлерди бир неше жыл изге қайтарады.

Қәнигелерди таярлаўдың заманагөй концепциясы қалеген дәрежедеги оқыў орнының үзликсиз тәлим системасының элементи сыпатында алып қаралыўын алға сүреди. Бул системаның қәлеген системасы бизиң жәмийетимиздиң келешеги ҳәм мәдений-тәлим пирамидасының жоқарыдағы блоги ушын «ислейди». Сол себепли қалеген басқышта тәлим искерлиги алға озып кетиў характерине ийе болыўы тийис, ал үзликсиз тәлим теориясы ҳәм практикасы ушын «прогнозланыў» категориясы әҳмийетке ийе болып баслайды.

## 2.3. Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери

Тәлим системасы - дәрежеси ҳәм қасиплик бағдарланыўы бойынша ҳәр қыйлы сыпатламалары менен парықланатуғын көплеген тәлим мәкемелерин (мәмлекетли, мәмлекетлик емес) аңлатады. Бундай тәлим мәкемелериниң ҳәр қыйлылығы тәлимге еле система статусын бериў ушын тийкар бола алмайды. Система объектлердиң, қубылыслардың, компонентлердиң, процесслердиң тек

ғана әпиўайы жыйнағын бермейди, ал олардың өз-ара байланысын ҳәм өз-ара ҳәрекетин аңлатады, онда система жаңа интегративлик сапаларға: ийгишликке, динамикалыққа, вариативликке, бийимлесиўшиликке, тураќлылыққа, болжаўшылыққа, демократиялылыққа ийе болып баслайды.

Тәлим системасы мәмлекеттеги социаллық-экономикалық өзгерислерге динамикалық ҳәм жумсақ түрде бийимлесиўи тийис. Соның менен қатар ол мүмкиншилиги барынша өзиниң психологиялық-педагогикалық тийкарында турақлы, конъюнктураға бойсынбайтуғын болыўы тийис. Бир тәрептен, тәлим системасы әдетте тарийхый жақтан бири бирин алмастырып отыратуғын тәлим парадигмалары ҳәм доктриналарынан «өсип» шығыўы тийис, ал екинши тәрептен, ол тәбийий-болжаўшылыққа ийе болыўы тийис, келешекке «жумыс» ислеўи керек болады себеби қалеген типтеги оқыў орынларының питкериўшилери өзлериниң оқыған дәўиринен парықланатуғын кеңислик ҳәм ўақытта жасаўы ҳәм мийнет етиўи керек болады.

Тәлим системасы – жабық емес, қатаң орайласқан ҳәм тәртиплескен система болып табылады. Ол ашық система, өзин түсиниўге, санлы ҳәм сапалы байыўға, қайта өзгериўге уқыплы болады.

Бул система сыртқы социаллық-экономикалық ҳәм социомәдений келип шығыў жағдайлары менен анықланады. Ҳәм өзиде бул жағдайларды анықлайды. Әсиресе кейингисин басшылыққа алыўымыз тийис, өйткени бул жағдай мәмлекеттиң, жәмийеттиң турмысында тәлимниң үстинликке ийе әҳмийетин анықлайды.

Тәлимниң қәлеген системасы белгили социаллық, илимий-техникалық, экономикалық, мәдений ҳәм сиясий орталықта өмир сүреди ҳәм раўажланады. Олар бир тәрептен тәлим мақсетин анықлайды, басқа тәрептен олардың иске асырылыўы ҳәм буннан былай раўажланыўы ушын белгили шараятларды дөретеди. Бундай анықланыўдың дәслепки, негизги факторын социаллық-экономикалық деп алып қарасақ болады. Себеби жәмийеттиң социаллық-экономикалық дүзилиси биринши гезекте барлық басқа факторлар ҳәм жәмийетлик системалардың интеграцияланыўы ушын сәйкес шараятларды дөретеди. Илимий-техникалық прогресс, мәдений ҳәм сиясий орталықяки социаллық-экономикалық қайта өзгерислерди ҳәрекетке келтиреди, яки олардың раўажланыўына тосық қояды. Усыған қарамастан тәлим системасы жәмийеттиң раўажланыўының социаллық-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўының тийкарғы мәселелерин иске асырыўға жағдай туўғызыўы тийис. Адамды мәмлекеттиң ҳәр қыйлы экономикалық, мәдений, сиясий турмысы тараўларында актив искерликке киргизиўи, ийтермелеўи тийис.

Инсанлық бағдарланған тәлим ең алды менен тәлим парадигмасының алмасыўын аңлатады. Егер бурында Герберт ҳәм Песталоцци дәўиринде, кейин ала санаат революциясы басқышында оқытыў системасында оқытыў искерлигине үстинлик берилсе, онда ҳәзир жәмийеттиң постиндустриаллық басқышында, оның информатизацияланыў дәўиринде үстинли оқыў искерлигине берилмекте. Сол себепли бурынғы парадигма: оқытыўшы-сабақлық-студент жаңа парадигма: студент-сабақлық-оқытыўшы менен алмаспақта. Оқытыўшы жаңа статусқа ийе

болмақта, бул статус бурынғыдай әҳмийетке ийе, бирақ басқаша көринисте болады деп ойлаймыз. Ҳәзир оқытыўшының ўазыйпасын үйренип атырған адамның мустақил билиўлик искерлигин шөлкемлестириў, оны билимди мустақил ийелеўге ҳәм алынған билимлерди әмелиятта қолланыўға үйретиў береди. Оқытыўшы бундай көрсетилген мақсетлерди иске асырыў ушын оқытыўдың сондай методларын, технологиясын таңлаўы тийис, олар оқыўшыларға тек ғана таяр билимлерди өзлестириў мүмкиншилигин берип қоймастан, ал олардың мустақил тәризде ҳәр қыйлы дереклерден билимди алыўына да жәрдем бериўи, өзлериниң көз қарасларын қәлиплестириўине, оларды аргументлестириўге, бурын алынған билимлерди жаңа билимлерди алыў ушын метод сыпатында пайдаланыўға жардем бериўи керек. Тек ғана усындай оқытыўды раўажланыўшы деп айтыўға болады.

Өзбекистан Республикасында тәлимди раўажландырыўдың үстинликке ийе әҳмийетли сиясий тәрепине билимлендириў тараўының мийраслығын ҳәм пүтинлигин сақлаў зәрүрлигин киргизсек болады. Әсиресе оның актуаллығы үзликсиз тәлим аспектинде иске асырылады.

**Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Система дегенимиз не?
2. Билимлендириўдиң система сыпатындағы өзине тәнликлери қандай?
3. Билимлендириўдиң система сыпатындағы тийкарғы подсистемалары ҳам олар арасындағы байланысты түсиндириң
4. Билим бериўде метод ҳәм технология түсиниклериниң өзгешеликлери қандай?

**Қосымша әдебиятлар:**


1. Қўшоқов Ш. Фалсафани ўқитиш методикаси. –Самарқанд.: Университет, 2006
2. Қаҳҳорова Ш. Фалсафага кириш. –Т.: Университет, 2005.
3. Зотов И.В.Бытие и сущее. –М.: Современные тетради, 2005
4. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006

# 3-ТЕМА: ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРЫНЛАРЫНЫҢ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОЦЕССИНДЕГИ РОЛИ

***РЕЖЕ:***

*3.1. Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар*
*3.2. Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери*
*3.3. Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары*

**Таяныш сөзлер:** *жоқары оқыў орны, стратегия, билимниң үзиликсизлиги, илим менен билимлендириўдиң байланысы, кәсиплик билимлендириў, талап, усыныс.*

## 3.1. Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар

Өзбекистан Республикасында тәлимниң ҳалаты, тийкарғы тенденциялары ҳәм раўажланыў проблемалары сыпатламасынан дүнья жүзлик экономикалық системада локаллық системалардың ашық екенлигин, капиталлардың бир мәмлекеттен екиншисине жеңил өтиўин айқын көриўимизге болады. Олар мийнеттиң жәмийетлик өнимдарлығы қай жерде жоқары болса (бул жерлерде пулды сарыплаў пайдалырақ болады) сол мәмлекетте жәмленеди. Бул ҳалат тек ғана ақшаға (пулға) тийисли болып қоймастан, ол «мийлерге» де тарқалады. Талантлырақ, шаққанырақ адамлар бай ҳәм экономикалық жақтан саламат еллерге кетип баслайды. Қәлиплескен дүнья жүзлик базар системасындағы бул көрсетилген процесс изге қайтпаса керек деп ойлаймыз. Бул жағдай изде қалған мәмлекетлердиң жоқары басқышларға көтерилиўине болған үмитлерин жоққа шығарады, себеби мийнет өнимдарлығының жоқары көрсеткишке ийе болыўы ушын үлкен капиталды сарыплаў ҳәм квалификациялы маман кадрлар керек болады. Ол тек ғана санаатты қайта қурыў ҳәм жаңа технологияларға өтиў ушын керек болып қоймастан, ең алды менен интеллектуаллық потенциалды дөретиў ушын да зәрүр болады. Интеллектуаллық потенциал ҳаққындағы тастыйықлаў абсолютлик шәртти береди: себеби онысыз ҳеш қандай алға илгерлеў мүмкин емес. Берилген шәрт жаңа технологиялық алға илгерлеўдиң де нәтийжесин аңлатады, ол «миллеттиң интеллектуаллық потенциалы» деген терминниң улыўма жаңа түсиндирмесин талап етеди. Сол себепли қалиплескен улыўма планеталық базар механизми изде қалған еллердиң экономикасын көтермейди, ал керисинше

оны жоқ етеди, оларды жоқары мийнет өнимдарлығына ийе болған еллердиң шийки зат базасына айландырады. Сол себепли конкурентке шыдам бериў ҳәм аман қалыў ушын Өзбекистан Республикасында тәлим системасын раўажланыдырыў ҳәм реформалаў келешекте төмендеги көрсетилген тийкарғы бағдарлар бойынша иске асырылса мақсетке муўапық болады деп ойлаймыз:

1. Тәлим тараўында болып атырған процесслерди анализлеў ҳәм баҳалаў, ҳәм болып атырған жағдайлар менен ҳүкиметимизди, кең жәмийетшиликти хабарландырыў;

2. Тәлим структурасы ҳәм процесслерин басқарыў;

3. Педагог ҳәм оқыўшылардың жәмийеттеги ролин анықлаў ҳәм оларды социаллық жақтан қорғаў;

4. Оқытыў мазмунын, методларын ҳәм ққуралларын жетилистириў ҳәм раўажландырыў;

5. Тәлим тараўын ресурслар менен тәмийинлеў;

6. Өзбекистан Республикасының берилген предметлик тараўда халық аралық бирге ислесиўин тәмийинлеў.

Билим бериўдиң миллий ҳәм дүнья жүзлик системалары ҳәзирги ўақытта терең кризисти басынан кеширмекте. Ол төмендегише сыпатламаларға ийе:

- сапалы билим алыўды қәлеўшилер ҳәм оны алыў мүмкиншилигине ийе болған адамлардың саны арасында үзилис бар. Бул үзилис ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң арасында ҳәр қыйлы, бирақ барлық жерде бар, себеби ҳәрекет етип атырған мектеп ҳәм университетлер билимге болған өсип баратырған барлық талапларды қанаатландыра алмайды.

-барлық дүньяда кәсиплик билим бериў мазмунлық қатнаста тез пәт пенен өзгерип атырған технологиялардың изинен қуўып жете алмай атыр, басқаша айтқанда тәлим системалары консервативлик десекте болады.

-финанслық тийкарлардың жетиспеўшилиги сезилерлик дәрежеде, соның себебинен тәлим системасының тәсири толық дәрежеде жаңа талапларға жуўап бермейди.

-тәлим системаларына тән болған инертлилик сырттан келип атырған талапларға жуўап ретинде олардың өзлериниң ишки укладын әстен өзгертетуғынлығына алып келмекте.

-пуқаралардың ҳәм жәмийеттиң инертлилиги қәлиплескен дәстүрлер стимулларының аўыр жүгин береди, ал бул болса тәлимди ҳәм саўатлы кадрларды конкрет мәмлекеттиң миллий раўажланыў мәплеринен келип шығып, рационал тәризде пайдаланыўға кесент береди.

Ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң миллий тәлим системалары үзликсиз кризис қубылысларын бастан кеширеди. Барлық жерде финанслық дереклер, оқытыўшылар, биналар, оқыў қолланбалар ҳ.б. жетиспейди, бир сөз бенен айтқанда тәлим алыўшылардан басқасының ҳәммесине мүтәжлик бар. Соның менен бир қатарда ҳәзирги дүньядағы жағдай бурын әдетке айланған мазмунға салыстырғанда басқаша көриниске ийе. Тәлимдеги ҳәзирги жер жүзлик кризис адамзат ушын аўыр ақыбетлерге ийе.

Тәлим тараўында сиясатты қәлиплестириўде мәмлекет, биринши гезекте нызамшылық арқалы үлкен баслы рольди атқарады. Дүнья жүзиндеги алдыңғы қатардағы еллердиң илимий-техникалық прогресси ҳәм глобаллық технологияласыўы жәмийеттиң интеллектуалласыў дәрежесине, оның жаңа билимлерди өндириў ҳәм қабыл алыў уқыплылығына байланыслы мүмкин болды. Булардың ҳәммеси елдиң тәлиминиң раўажланыў дәрежеси менен тығыз байланыслы.

1997-жылы ЮНЕСКО тәрепинен усынлыған XXI-әсирдеги тәлим бойынша халық аралық комиссияның «Тәлим жасырын байлық» деп аталған баянатында: «бизлер жаңа болмаған, бирақ XXI-әсирдиң баслы проблемаларына айланатуғын тийкарғы қарсылықларды жеңип өтиўимиз ушын қуралланған болыўымыз тийис» деп айтылады. Усындай проблемалардан тәлимге тийисли болған тек ғана биреўин келтирип өтейик: билимниң шексиз раўажланыўы ҳәм оларды адамның өзлестириў мүмкиншиликлери арасындағы қарсылық (бул жерде өзиңди билиў, физикалық ҳәм психологиялық саламатлылықты тәмийинлеў усылларын, қоршаған орталықты сақлаў ҳәм билиўге бағдарланған тәлимди есапқа алыў шәрт болады). Усыған байланыслы реформалардың анық, дәл стратегиясын ислеп шығыў, дурыс өмирди қурыўға жәрдем беретуғын, ҳәр бир адамның тәжрийбе ҳәм мәдениятының раўажланыўын, билиминен пайдаланыўды есапқа алатуғын, базалық билимниң тийкарғы элементлерин сақлаған ҳалда үстинликке ийе болған бағдарларды анықлаў зәрүр болады.

## 3.2. Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери

Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлерине төмендегилерди киргизсек болады:

- тәлимниң фундаменталласыўын, ол өз гезегинде тәлимниң сапасын арттырыўға өзиниң салмақлы тәсирин тийгизиўи шәрт.

- тәлимниң барлық системасының озыў, алға илгерлеў характерине ийе болыўы, оның келешектеги постиндустриаллық цивилизацияның, адамның дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыў проблемаларына бағдарланыўы.

-аралықтан оқытыў ҳәм өзин мустақил оқытыў мүмкиншиликлеринен келешекте хабар ҳәм телекоммуникациялық технологияларды пайдаланған ҳалда кеңнен қолланыў жолы арқалы мәмлекет халқы ушын тәлим системасының қол жетерли дәрежеде болыўы.

Берилген өзгешеликлерден келип шығып жоқары тәлимниң заманагөй концепциясындағы тәлим проблемаларының структурасын ҳәм олардың тийкарғы шешилиў жолларын төмендегише сызылма түринде берсек болады:

Бул берилген концепция бойынша жоқары кәсиплик билимди алыўда төмендеги ўазыйпалар шешилиўи тийис:

-билимниң эффективлилигин, қол жетерлилигин ҳәм сапасын көтериў мақсетинде оқытыў процессинде максимал дәрежеде хабар технологияларынан пайдаланыў керек болады;

-оқыўшылар өзлериниң предметлик тараўында, келешектеги кәсиплик искерлигинде хабар технологияларынан пайдаланыў бойынша арнаўлы билимлер ҳәм көнликпелерди алыўы тийис.

-оқыўшылардың кәсиплик бағдарын есапқа алған ҳалда «хабар жәмийетинде» турмыс ҳәм искерликтиң тийкарлары ҳаққындағы билимлер тереңлесиўи ҳәм кеңейиўи тийис.

Заманагөй тәлимниң раўажланыўының әҳмийетли мәселелериниң бири ретинде улыўма тәбийий-илимий пәнлердиң циклин гуманитар тәлимге, усыған сәйкес гуманитар пәнлерге тәбийий-илимий ҳәм техникалық тәлим циклин киргизиў талап етиледи.

Фундаменталлық тәлим менен кәсипке оқытыў интеграциясы проблемасының өзиниң конструктивлик шешимине ийе болыўы күтилмекте. Социаллық қатнасықта ҳақыйқый өзин қорғалған деп тек кең түрде саўатлылыққа ийе болған адам айта алады. Ол өз искерлигиниң мазмунын ҳәм бағдарын технологиялардың яки базар талапларының алмасыўы менен қайта өзгерте алыўға уқыплы болыўы тийис Қандай да бир конкрет тараўда тар мәнистеги кәсипке таярлаў әсет-ақырынлап тәлим системасынан кетиўи тийис, ол өндирис ҳәм басқа кәсиплик искерлик тараўына өтиўи керек болады.

Тәлимди қайта шөлкемлестириўдиң стратегиялық бағдарлары ретинде қәнигелерди таярлаў сапасының жаңа дәрежесин тәмийинлеў ҳәм кадрларды таярлаўдың ийилгиш системасын қәлиплестириў алып қаралады. Ол кәсиплик искерликтиң тез пәт пенен өзгерип атырған жағдайларына тезлик пенен жуўап бере алатуғын ҳәр қыйлы бағдардағы қәнигелерге болған жәмийеттиң жаңа заманагөй талапларын қанаатландырыўы тийис. Басқаша айтқанда, жас қәнигелердиң билимлериниң кеңейиўине ҳәм толықтырылыўына болған уқыплылық бул жерде есапқа алынады.

Жоқары кәсиплик билимлендириўдиң көп дәрежели системасында бул мәселелерди иске асырыў педагогиклық ўазыйпаны анықлаўды талап етеди, яғный социаллық-экономикалық ҳәм илимий-техникалық раўажланыўдың перспективаларына адекват сәйкес келиўши оқыў мазмунын таңлаўды ҳәм мақсетлерин қойыўды алға сүреди.

### 3.3. Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары

Бул жерде ең әҳмийетли педагогикалық стратегияның бағдарлары ретинде төмендегилер алып қаралады:

1. Тәлимниң тәбийий-илимий ҳәм гуманитарлық қурам бөлеклериниң органикалық бирлиги тийкарында тәлимниң фундаменталласыўын тәмийнлеў. Адам өзиниң қоршаған орталық, дүнья менен өз-ара ғәрезлилигин илимий, көз бенен, материаллық жақтан аңлаўы тийис. Сол себепли тәлим системасының орайында инсанның приоритети турады. Ҳәзирги заманагөй көз карaслар бойынша ҳәр тәреплеме саўатлы инсанның қәлиплесиўи өз-ара байланыслы болған мәселелердиң шешилиўин талап етеди. Биринштиден, адамның тәбият пенен қатнасын дүньяның тәбийий-илимий картинасы ҳәм биосфера, бир пүтин

әлем проблемалары менен танысыў арқалы гармонияластырыў керек, адамның тәбияттағы тутқан орнын анықлаў тийис ҳәм сол тийкарда экология, ноосфера проблемаларын шешиў зәрүр болады. Екиншиден, адамның жәмийетте жасаўынан келип шығыўымыз тийис ҳәм оның гармониялық социалласыўын тәмийинлеўимиз ушын өмир сүрип турған мәдений орталыққа тарийхты, ҳуқықты, мәденияттаныўды, экономика, философияны өзлестириў арқалы киремиз. Үшиншиден, заманагөй адам мағлыўматларға бай хабар орталығында жасайды, ҳәм тәлим системасының ўазыйпасын инсанды бул орталықта жасаўға үйретиў, өзин үзликсиз мустақил саўатландырыў ушын жағдайларды дөретиў киреди. Төртиншиден, инсан өзи менен келисимде жасаўы тийис, ал ол өз гезегинде адамның психология, физиология, әдебият, искусство тараўларында белгили билимлерге ийе болыўын талап етеди.

2. Тәлим алыўшыларды тараўлық ҳәм регионаллық мәплерге бағдарлаў. Базар конъюнктурасын есапқа алатуғын қәнигелерди таярлаўды тәмийинлейтуғын оқытыў технологияларын жетилистириў ушын, оқыўшылардың уқыплылықларына, қызығыўшылығына сай билим алыў маршрутын таңлаўдың үлкен еркинлигин тәмийинлеў ушын жағдайларды жаратыў керек болады.

Концептуаллық жақтан тәлимди мақсети анық, институтласқан, педагогикалық жақтан шөлкемлескен ҳәм адамның, жәмийеттиң мәплерине сай иске асырылатуғын, инсанның жобалы түрде социалласыўының процессии ҳәм нәтийжеси ретинде алып қараўға болады. Тәлимниң мақсетлеринде жәмийеттиң де мәплери, конкрет инсанның да мәплери концентрацияланған түрде өз сәўлесин табады. Жәмийет тәлимге үлесин қосады. Бул капиталды тигиўди өзиниң пайдасына айландырыў ушын, жәмийет тәлимниң жәрдеминде инсанның уқыплылығын раўажландырады, себеби пүтин тек ғана қурам бөлеклердиң жоқары сапаға ийе болыўынан утысқа ериседи.

Заманагөй тәлимниң мақсетлери ретинде жәмийетке ҳәм инсанның өзине керек болған инсанның уқыплылықларын раўажландырыў, инсанды социаллық-қәдриятлық активлиликке киргизиў, институтласқан тәлим системаларынан сырттағы мустакил тәлимниң эффективлилик мүмкиншилигин (малаканы асырыўда киреди) тәмийинлеўди алып қараўымызға болады.

Тәлим процессин ҳәрекетке келтириўши күш болған мәп, қызығыўшылық (мотивация) тәлимниң мазмунына ҳәм оған ерисиў усылларына болған дыққатты тәмийинлейди. Тәлим процессинде өсип баратырған адамның жеке тәжрийбесиниң илимий түсиниклерде беккемленген ҳәм сәўлеленген, мазмун менен конкретлесетуғын, байытылатуғын социаллық тәжрийбе менен биригиўи иске асырылады. Бул процесстиң басқа компонентин рефлексия береди, ол дәслеп сезиўлик қабыл етиўдиң, елеслердиң, кейин ала пикирлердиң, ойлаў процессиниң билиў методларының инертлилигиниң инсан тәрепинен сапластырыў ушын зәрүр болады.

Тәлим адамды билимнен (берилген предмет нени аңлататуғынылығы ҳаққында түсиник) билиўге (предметтиң келип шығыўы, тәбияты, тийкары, оның дүнья системасында тутқан орны, оның раўажланыў факторлары, процессии ҳәм тенденциялары ҳаққындағы түсиниги) алып барады. Тәлимдеги ең әҳмийетли

тийкарды билиў усылларын түсиниў, ойлаўдың өзин, оның жолларын, методларын тексериў уқыплылығы, шынлық ушын бурынғы, мәңги жетиспейтуғын билимлерден, субъективлиликтен бас тартыў уқыплылығы береди. Тәлим адамдағы оның өзи ҳәм жәмийет ушын зәрүр болған ойлаўдың өзин сынға алыўға болған уқыплылығын раўажландырыўға болған көнликпесин пайда етеди.

Тәлим жәмийетлик, илимий ҳәм жәмийеттиң өндириўши күшлериниң интеграциясын тәмийинлеўши шәртин ҳәм қуралын аңлатады.

Педагогиалық стратегияның тийкарғы бағдарларын конкрет тәлим мәкемесинде тске асырыў мақсетти анықлаўдан басланады. Жоқары оқыў орынлары бүгин академиялық жәмәәттиң ағзалары сыпатында өзлериниң жеке мақсетлерин, нормаларын жобаластырыў мүмкиншилигине ийе. Олар өз гезегинде олардың өмир сүриў искерлигин, өзлерин раўажландырыўға болған уқыплылығын тәмийинлейди. Бул жерде оқыў орынларының социаллық институт сыпатындағы илимий билимлерди, мәдений қәдриятларды ҳәм нормаларды өндириўдеги, әўладтан әўладқа өткериўдеги мақсетлери пуқаралардың өзлериниң улыўма, илимий ҳәм кәсиплик мәдениятын көтериўге, олардың әдеп-икрамлы ҳәм мәдений раўажланыўындағы талапларына сәйкес келиўи шәрт.

**Қадағалаў ушын сораўлар:**

1. Жоқары билимлендириў системасының билим бериў системасындағы орны ҳаққында не айта аласыз?
2. Жоқары билимлендириў системасын реформалаўдың тийкарғы бағдаралары хаққында нелерди билесиз?
3. Шахсқа бағдарланған билимлендириў дегенде нени түсинесиз?
4. Билим бериў тараўы менен экономика тараўларының байланысын калай тусиндирген болар едиңиз?

**Қосымша әдебиятлар:**


1. Қўшоқов Ш. Фалсафани ўқитиш методикаси. –Самарқанд.: Университет, 2006
2. Қаххорова Ш. Фалсафага кириш. –Т.: Университет, 2005.
3. Зотов И.В.Бытие и сущее. –М.: Современные тетради, 2005
4. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006

## 4-ТЕМА БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОЦЕССИНИҢ ИШКИ ИМКАНИЯТЛАРЫ ҲӘМ ПРОБЛЕМАЛАРЫ

***РЕЖЕ:***

*4.1. Билимлендириў кризиси*
*4.2. Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар*
*4.3. Билимлендириў процессине ҳазирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи*

Реже:

**Таяныш сөзлер:** *жәмийетлик раўажланыў, глобалласыў, интеграция, дифференциация, унификация, мәмлекетлик билимлендириў стандарты, қәнигелик талаплары, сабақлық, методика.*

### 4.1. Билимлендириў кризиси

Билим бериўдиң миллий ҳәм дүнья жүзлик системалары ҳәзирги ўақытта тереңкризисти басынан кеширмекте. Ол төмендегише сыпатламаларға ийе:
- сапалы билим алыўды қәлеўшилер ҳәм оны алыў мүмкиншилигине ийе болған адамлардың саны арасында үзилис бар. Бул үзилис ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң арасында ҳәр қыйлы, бирақ барлық жерде бар, себеби ҳәрекет етип атырған мектеп ҳәм университетлер билимге болған өсип баратырған барлық талапларды қанаатландыра алмайды.
-барлық дүньяда кәсиплик билим бериў мазмунлық қатнаста тез пәт пенен өзгерип атырған технологиялардың изинен қуўып жете алмай атыр, басқаша айтқанда тәлим системалары консервативлик десекте болады.
-финанслық тийкарлардың жетиспеўшилиги сезилерлик дәрежеде, соның себебинен тәлим системасының тәсири толық дәрежеде жаңа талапларға жуўап бермейди.
-тәлим системаларына тән болған инертлилик сырттан келип атырған талапларға жуўап ретинде олардың өзлериниң ишки укладын әстен өзгертетуғынлығына алып келмекте.
-пуқаралардың ҳәм жәмийеттиң инертлилиги қәлиплескен дәстүрлер стимулларының аўыр жүгин береди, ал бул болса тәлимди ҳәм саўатлы кадрларды конкрет мәмлекеттиң миллий раўажланыў мәплеринен келип шығып, рационал тәризде пайдаланыўға кесент береди.

Ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң миллий тәлим системалары үзликсиз кризис қубылысларын бастан кеширеди. Барлық жерде финанслық дереклер, оқытыўшылар, биналар, оқыў қолланбалар ҳ.б. жетиспейди, бир сөз бенен айтқанда тәлим алыўшылардан басқасының ҳәммесине мүтәжлик бар. Соның менен бир қатарда ҳәзирги дүньядағы жағдай бурын әдетке айланған мазмунға салыстырғанда басқаша көриниске ийе. Тәлимдеги ҳәзирги жер жүзлик кризис адамзат ушын аўыр ақыбетлерге ийе.

Тәлим тараўында сиясатты қәлиплестириўде мәмлекет, биринши гезекте нызамшылық арқалы үлкен баслы рольди атқарады. Дүнья жүзиндеги алдыңғы қатардағы еллердиң илимий-техникалық прогресси ҳәм глобаллық технологияласыўы жәмийеттиң интеллектуалласыў дәрежесине, оның жаңа билимлерди өндириў ҳәм қабыл алыў уқыплылығына байланыслы мүмкин болды. Булардың ҳәммеси елдиң тәлиминиң раўажланыў дәрежеси менен тығыз байланыслы.

1997-жылы ЮНЕСКО тәрепинен усынлыған XXI-әсирдеги тәлим бойынша халық аралық комиссияның «Тәлим жасырын байлық» деп аталған баянатында: «бизлер жаңа болмаған, бирақ XXI-әсирдиң баслы проблемаларына айланатуғын тийкарғы қарсылықларды жеңип өтиўимиз ушын қуралланған болыўымыз тийис» деп айтылады. Усындай проблемалардан тәлимге тийисли болған тек ғана биреўин келтирип өтейик: билимниң шексиз раўажланыўы ҳәм оларды адамның өзлестириў мүмкиншиликлери арасындағы қарсылық (бул жерде өзиңди билиў, физикалық ҳәм психологиялық саламатлылықты тәмийинлеў усылларын, қоршаған орталықты сақлаў ҳәм билиўге бағдарланған тәлимди есапқа алыў шәрт болады). Усыған байланыслы реформалардың анық, дәл стратегиясын ислеп шығыў, дурыс өмирди қурыўға жәрдем беретуғын, ҳәр бир адамның тәжрийбе ҳәм мәдениятының раўажланыўын, билиминен пайдаланыўды есапқа алатуғын, базалық билимниң тийкарғы элементлерин сақлаған ҳалда үстинликке ийе болған бағдарларды анықлаў зәрүр болады.

Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлерине төмендегилерди киргизсек болады:

- тәлимниң фундаменталласыўын, ол өз гезегинде тәлимниң сапасын арттырыўға өзиниң салмақлы тәсирин тийгизиўи шәрт.

- тәлимниң барлық системасының озыў, алға илгерлеў характерине ийе болыўы, оның келешектеги постиндустриаллық цивилизацияның, адамның дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыў проблемаларына бағдарланыўы.

-аралықтан оқытыў ҳәм өзин мустақил оқытыў мүмкиншиликлеринен келешекте хабар ҳәм телекоммуникациялық технологияларды пайдаланған ҳалда кеңнен қолланыў жолы арқалы мәмлекет халқы ушын тәлим системасының қол жетерли дәрежеде болыўы.

## 4.2. Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар

Жоқары кәсиплик билимлендириўдиң көп дәрежели системасында бул мәселелерди иске асырыў педагогиклық ўазыйпаны анықлаўды талап етеди,

яғный социаллық-экономикалық ҳәм илимий-техникалық раўажланыўдың перспективаларына адекват сәйкес келиўши оқыў мазмунын таңлаўды ҳәм мақсетлерин қойыўды алға сүреди. Бул жерде eң әхмийетли педагогикалық стратегияның бағдарлары ретинде төмендегилер алып қаралады:

1. Тәлимниң тәбийий-илимий ҳәм гуманитарлық қурам бөлеклериниң органикалық бирлиги тийкарында тәлимниң фундаменталласыўын тәмийнлеў. Адам өзиниң қоршаған орталық, дүнья менен өз-ара ғәрезлилигин илимий, көз бенен, материаллық жақтан аңлаўы тийис. Сол себепли тәлим системасының орайында инсанның приоритети турады. Ҳәзирги заманагөй көз қараслар бойынша ҳәр тәреплеме саўатлы инсанның қәлиплесиўи өз-ара байланыслы болған мәселелердиң шешилиўин талап етеди. Биринши ден, адамның тәбият пенен қатнасын дүньяның тәбийий-илимий картинасы ҳәм биосфера, бир пүтин әлем проблемалары менен танысыў арқалы гармонияластырыў керек, адамның тәбияттағы тутқан орнын анықлаў тийис ҳәм сол тийкарда экология, ноосфера проблемаларын шешиў зәрүр болады. Екиншиден, адамның жәмийетте жасаўынан келип шығыўымыз тийис ҳәм оның гармониялық социалласыўын тәмийинлеўимиз ушын өмир сүрип турған мәдений орталыққа тарийхты, ҳуқықты, мәденияттаныўды, экономика, философияны өзлестириў арқалы киремиз. Үшиншиден, заманагөй адам мағлыўматларға бай хабар орталығында жасайды, ҳәм тәлим системасының ўазыйпасын инсанды бул орталықта жасаўға үйретиў, өзин үзликсиз мустақил саўатландырыў ушын жағдайларды дөретиў киреди. Төртиншиден, инсан өзи менен келисимде жасаўы тийис, ал ол өз гезегинде адамның психология, физиология, әдебият, искусство тараўларында белгили билимлерге ийе болыўын талап етеди.

2. Тәлим алыўшыларды тараўлық ҳәм региональлық мәплерге бағдарлаў.Базар конъюнктурасын есапқа алатуғын қәнигелерди таярлаўды тәмийинлейтуғын оқытыў технологияларын жетилистириў ушын, оқыўшылардың уқыплылықларына, қызығыўшылығына сай билим алыў маршрутын таңлаўдың үлкен еркинлигин тәмийинлеў ушын жағдайларды жаратыў керек болады.

Концептуаллық жақтан тәлимди мақсети анық, институтласқан, педагогикалық жақтан шөлкемлескен ҳәм адамның, жәмийеттиң мәплерине сай иске асырылатуғын, инсанның жобалы түрде социалласыўының процессии ҳәм нәтийжеси ретинде алып қараўға болады. Тәлимниң мақсетлеринде жәмийеттиң де мәплери, конкрет инсанның да мәплери концентрацияланған түрде өз сәўлесин табады. Жәмийет тәлимге үлесин қосады. Бул капиталды тигиўди өзиниң пайдасына айландырыў ушын, жәмийет тәлимниң жәрдеминде инсанның уқыплылығын раўажландырады, себеби пүтин тек ғана қурам бөлеклердиң жоқары сапаға ийе болыўынан утысқа ериседи.

Заманагөй тәлимниң мақсетлери ретинде жәмийетке ҳәм инсанның өзине керек болған инсанның уқыплылықларын раўажландырыў, инсанды социаллық-қәдриятлық активлиликке киргизиў, институтласқан тәлим системаларынан сырттағы мустакил тәлимниң эффективлилик мүмкиншилигин (малаканы асырыўда киреди) тәмийинлеўди алып қараўымызға болады.

Тәлим процессин ҳәрекетке келтириўши күш болған мәп, қызығыўшылық (мотивация) тәлимниң мазмунына ҳәм оған ерисиў усылларына болған дыққатты тәмийинлейди. Тәлим процессинде өсип баратырған адамның жеке тәжрийбесиниң илимий түсиниклерде беккемленген ҳәм сәўлеленген, мазмун менен конкретлесетуғын, байытылатуғын социаллық тәжрийбе менен биригиўи иске асырылады. Бул процесстиң басқа компонентин рефлексия береди, ол дәслеп сезиўлик қабыл етиўдиң, елеслердиң, кейин ала пикирлердиң, ойлаў процессиниң билиў методларының инертлилигиниң инсан тәрепинен сапластырыў ушын зәрүр болады.

Тәлим адамды билимнен (берилген предмет нени аңлататуғынылығы ҳаққында түсиник) билиўге (предметтиң келип шығыўы, тәбияты, тийкары, оның дүнья системасында тутқан орны, оның раўажланыў факторлары, процессии ҳәм тенденциялары ҳаққындағы түсиниги) алып барады. Тәлимдеги ең әҳмийетли тийкарды билиў усылларын түсиниў, ойлаўдың өзин, оның жолларын, методларын тексериў уқыплылығы, шынлық ушын бурынғы, мәңги жетиспейтуғын билимлерден, субъективлиликтен бас тартыў уқыплылығы береди. Тәлим адамдағы оның өзи ҳәм жәмийет ушын зәрүр болған ойлаўдың өзин сынға алыўға болған уқыплылығын раўажландырыўға болған көнликпесин пайда етеди.

Тәлим жәмийетлик, илимий ҳәм жәмийеттиң өндириўши күшлериниң интеграциясын тәмийинлеўши шәртин ҳәм қуралын аңлатады.

Педагогиалық стратегияның тийкарғы бағдарларын конкрет тәлим мәкемесинде тске асырыў мақсетти анықлаўдан басланады. Жоқары оқыў орынлары бүгин академиялық жәмәәттиң ағзалары сыпатында өзлериниң жеке мақсетлерин, нормаларын жобаластырыў мүмкиншилигине ийе. Олар өз гезегинде олардың өмир сүриў искерлигин, өзлерин раўажландырыўға болған уқыплылығын тәмийинлейди. Бул жерде оқыў орынларының социаллық институт сыпатындағы илимий билимлерди, мәдений қәдриятларды ҳәм нормаларды өндириўдеги, әўладтан әўладқа өткериўдеги мақсетлери пуқаралардың өзлериниң улыўма, илимий ҳәм кәсиплик мәдениятын көтериўге, олардың әдеп-икрамлы ҳәм мәдений раўажланыўындағы талапларына сәйкес келиўи шәрт.

Инновациялық тәлимниң баслы мақсетин адамның дөретиўшилик потенциалын сақлаў ҳәм раўажландырыў береди. Бирақ бүгинги күни дөретиўшилик ҳәм жобаластырыў жеткиликсиз болады. Тәлим улыўма адамзатлық қадриятлар менен суўғарылыўы тийис. Оның ушын биринши гезекте тәлим инсанның ишки еркинлиги ҳәм оның социаллық жуўапкершилигиниң биригиўине, басқаша пикирлеўге шыдамлы болыўға тийкарланған гармониялық ойлаўды раўажландырыўы тийис. Усы инсанға берилген сыпатламалар бүгинги күни БМШ ҳүжжетлеринде басшылыққа алынған жер цивилизациясының тийкарғы қәдриятларының қатарына киргизилген.

Бүгинги күни ойланатуғын адам бақлаўы, анализлеўи, усынысларды киргизиўи, қабыл етилген шешимлер ушын жуўап бериўи ҳәм конфликтлерди ҳәм қарсылықларды сапластырыўы тийис. Ал буның ушын ол мәселелерди қойыў ҳәм шешиўдиң көп өлшемли мәдениятына ийе болыўы тийис, бирде бир теорияның

универсал ҳәм мәңги бола алмайтуғынлығын, ҳеш кимниң ең кейинги дәрежедеги шынлық бола алмайтуғынлығын түсиниўи керек.

Солай етип, инновациялық тәлимниң принциплериниң бирин оның шешимниң көп өлшемлиликке, басқаша пикирлеўге шыдамлы болыўын ҳәм өзиниң ис-ҳәрекетлери ушын әдеп-икрамлылыққа тийкарланыўын тәмийинлейтуғын дүньяға көз қарасты қәлиплестириўге бағдарланыў береди. Тәлимниң эффективлилиги оның нәтийжелери менен анықланады. Ол нәтийжеге ерисиў жоллары ҳәм усыллары менен бир қатар қойылады, материаллық ҳәм руўхый байлықларды, қәдриятларды дөретиўге қосқан үлеси менен баҳаланады, жаңа әўладларды тек бүгин емес, келешекте де дурыс жасаў искусствосына үйретеди.

Бул жоқарыда көрсетилген мазмун жоқары оқыў системасында Мәмлекетлик тәлим стандартына[1] сәйкес иске асырылады. Онда ҳәр бир бағдар ҳәм ҳәр бир қәнигелик бойынша тәлим мазмунына улыўма талаплар қойылады. Стандартлар жас қәнигениң ийелик етиўине сәйкес квалификация ҳәм инсанлық сапалар дәрежесин көрсетиўши улыўма шәртли болған билимлерди, уқыплылық ҳәм көнликпелерди аңлатады.

## 4.3. Билимлендириў процессине ҳазирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи

Жоқары кәсиплик тәлим системасына қолланғанда стандарт интеграцияланған кәсиплик категория болып, оның тийкарын қурамалы көп профилли ҳәм көп дәрежели объекттиң модели қурайды, ол меншикликтиң көп түрли формаларына, мийнет базарының раўажланыўына, тәлимниң үзликсизлигине, кәсиплик оқыўдың ҳәр қыйлы формаларының бар болыўына сәйкес келетуғын барлық тәлим системасын қамрап алады. Модель базалық дәрежеге, мазмунға, кәсиплик таярлықтың сапасына болған қағыйда, қәдриятлар, нормалар, талаплар комплексин өз ишине қамтыйды. Модель стандарттың практикалық искерликтеги структуралық шөлкемлесиўин ҳәм иске асырылыўын тәмийинлейтуғын функциялар, параметрлер, компонентлер менен сыпатланады. Оның системаны тәмийинлеўши факторын билим ҳәм квалификация дәрежеси береди.

Жоқары кәсиплик тәлим стандартын ислеп шығыў ҳәм енгизиў өзиниң мақсети ретинде төмендегилерди басшылыққа алады:

-кәсиплик билимди алыўды ҳәм даўам етиўди тәмийнлейтуғын базалық дәрежени, квалификацияның зәрүрли дәрежелерин, инсанның раўажланыўын белгилейди, қаниге-профессиналдың аттестациясы оннан төмен болыўы мүмкин емес.

-кәсиплик профильди кеңейтиў, кәсиплердиң интеграциялаcқан топарына ийелик етиў, тәлимниң мазмунының универсалласыўын тәмийинлеў, оқытыўдың прогрессивлик системаларын еңгизиў, оқыў мәкемелериниң ҳәм басқарыў

[1] Стандарт (англ. – норма, үлги) кең мәнисте басқа уқсас объектлерди олар менен салыстырғанда негизги ретинде қабылланатуғын үлги, эталон, модель дегенди аңлатады. Стандарт нормативлик-техникалық документ (ҳүжжет) сыпатында стандартластырыў объектине болған талапларды, қағыйдалар, нормалар комплексин белгилейди ҳәм компетентли орган тәрепинен тастыйықланады.

органларының искерлигиниң эффективлилигин қадағалаўдың автоматласқан системалар жолы менен кәсиплик таярлықтың сапасын көтериў;

-жоқары кәсиплик тәлим системасының барлық субъектлериниң, кәсиплик таярлықтың барлық формаларының жуўапкершилигин ҳәм ҳуқықларын тәртиплестириў, үзликсиз тәлим жағдайында кәсиплик билимлендириўдиң мийраслық байланысын орнатыў;

-мәмлекеттиң ишинде ҳәм мәмлекеттен тысқарыда жоқары кәсиплик тәлимниң тән алыныўын тәмийинлеў , онын мийнеттиң халық аралық базарында тосықсыз қатнасыўын иске асырыў арқалы;

Қолланылыў тараўына ҳәм тастыйықланыў дәрежесине қарай жоқары кәсиплик тәлимниң төмендегише түрлерин бөлип көрсетеди:

-халықаралық, ол халық аралық нормативлерге сәйкес ислеп шығылады;

-мәмлекетлик (миллий, федераллық), елдиң ҳүкимети ямаса ол тәрепинен ҳуқық берилген орган тәрепинен белгиленеди;

-регионаллық, дара регионлар ушын олардың тармақлар ара ҳәм арнаўлы жағдайларына сәйкес ислеп шығылады ҳәм ҳәкимияттың регионаллық органлары тәрепинен тастыйықланады.

Мәмлекетлик тәлим стандарты тәлим кеңислигиниң бирлигин сақлаўды, үзликсиз тәлим мүмкиншилигин, академиялық мобиллиликти, финанслық ҳәм материаллық-техникалық ресурслардың рационаллық жумсалыўын тәмийинлеўге қаратылады. Стандартлар инсанның, жәмийеттиң, мәмлекеттиң талапларына, олардың иске асыў мүмкиншиликлерине сәйкес келиўи тийис ҳәм қатаң анық эталонларға тийкарланатуғын интсрументаллық-технологиялық шөлкемге ийе болыўы шәрт. Тек ғана усындай жағдайда олар экономиканың раўажланыўы ушын, илимий-техникалық прогресске имканият жарататуғын жағдайларды дөретиўге хызмет етеди.

Мәмлекетлик тәлим стандарты –

-ҳәзирги басқышта тәлимниң мазмуныны ҳәм мақсетлерин, олардың жаңаланыў жолларын қәйта көрип шығатуғын қурал;

-мәмлекеттиң миллеттиң саўатлылық дәрежесине ҳәм тәлимниң улыўма мазмунының жәмийетлик әҳмийетине қатнасына байланыслы консенсусқа ерисиўи ушын жуўапкершилигиниң артыў формасы;

-заманагөй социомәдений жойбар ҳәм социаллық технология сыпатында тәлимниң ролине ҳәм жаңаланған ўазыйпасына қатнаста жәмийеттиң рефлексиясы методы;

- тәлимлик ҳәр қыйлылықты қоллап-қуўатлаў ҳәм билимлендириў әмелиятын тәртиплестириў жолы;

-тәлим системаларының ҳәм тәлим сапасының нәтийжелигин қадағалаўдың объективлесиў проблемаларын шешиў гилти;

-тәлимниң қабыл етилген басқышларында ҳәм дәрежелериндепуқаралардың билимлилигиниң динамикалық өсиў факторы;

-миллий тәлим өнимин прогнозлық жобаластырыў усылы, ол жоқары дәрежеде инсанның, жәмийеттиң ҳәм мәмлекеттиң талапларын гармонияластырады.

-миллий билимлендириў мәденияты шегарасында тәлимди парадигмалық байытыў механизми;

- тәлим сиясатын демократизацияластырыў ҳәм билимлендириў тараўындағы дискриминацияға қарсы гүресиў усылы;

- дүньядағы саўатлылықтың улыўма цивилизациялық дәрежесин қоллап-қуўатлаў қуралы;

- тәлим ҳаққындағы ҳүжжетлерди академиялық кәсиплик мойынлаўды тәртиплестириў жолларының бири.

Бул берилген мағлыўматлар улыўма тәлим системасына тийисли. Жоқары кәсиплик тәлимди стандартластырыўдың тийкарғы объектлери ретинде төмендегилерди алып қараўға болады:

Кәсиплик искерликтиң түрлерин ҳәм объектин,тараўлардың сүўретлениўин, таярлықтың шөлкемлескен формаларының структурасын, берилетуғын академиялық дәрежени, берилген бағдар бойынша оқыўдың нормативлик даўамлылығын, тәлимди даўам етиў мүмкиншиликлерин өз ишине қамтыўшы бағдардың (қәнигеликтиң) сыпатламасы;

Питкериўшиниң билимлилигине қойылатуғын улыўма талапларды, билимлерди өзлестириў дәрежесине, билиў ҳәм искерликтиң методларының қәлиплесиўине, пәнлердиң цикллери бойынша кәсиплик искерликтиң комплексли таярлығына болған талапларды өз ишине қамтыўшы бағдардың (қәнигеликтиң) бағдарламасы бойынша кәсиплик оқыўды жуўмақлаған адамлардың таярлық дәрежесине болған системалы дүзилген талаплар;

Стандартларды, оның қурамлық бөлеклерин орынлаўды мәмлекетлик қадағалаўды жүргизиў методикасы ҳәм мазмунына қойылатуғын талаплар.

Жоқарыдағылардан келип шығып, республикамызда киргизилген мәмлекетлик тәлим стандарты тәлимниң глобаллық мақсетин ҳәм оның кейинги нәтийжесин диагностикалық сүўретлеўди аңлатады, яғный стандарт – педагогикалық системаның сапасын тәмийинлеўши инструментарий болып табылады. Бул берилген анықламада анық түрде бизлердиң дөретиўши педагогикалық изертлеўлеримиздиң унамлы нәтийжеси сыпатында бизиң әмелиятымызға кирилген сапалы жаңа сәўлеленген. Бул жаңа тәлимниң глобаллық мақсетиниң қәлиплесиўинде көзге тасланады, бурын ол жоқары кәсиплик мектепте иске аспаған еди.

Тәлимниң улыўма мақсетин – жоқары оқыў орынларын питкерген питкериўшиниң кәсиплик ҳәм жеке инсанлық сапаларының қәлиплесиўи (оның жумысының соңғы нәтийжеси сыпатында диагностикаланатуғын) береди. Оқыў мәкемелериниң ўазыйпаларын улыўма мақсетти кишигирим мақсетлерге бөлиў береди, ол инсанның ўақытта (семестрлер, оқыў курслары) басқышпа-басқыш қәлиплесиўин (оқытыў ҳәм тәрбиялаў) сыпатлайды.

Тәлимниң мақсетиниң глобаллық дәрежеде қәлиплесиўи тийкарында оған ерисиўдиң ҳәр қыйлы педагогикалық технологиялар ислеп шығылады, олар өз гезегинде тәлимниң ҳәр қыйлы жағдайлары ушын берилген тәлим стандарты ушын туўынды хызметин атқарады ямаса екинши тәртиптеги стандартларды береди. Педагогикалық технологияның қурамына тәлимниң деталласқан мазмуны,

дидактикалық процесслер, тәлимди шөлкемлестириўши формалар ҳәм қураллар киреди, усыған байланыслы педагогикалық технологияның барлық берилген компонентлери бойынша оқытыў стандартлары еңгизиледи. Оқытыў сапасы ҳәм мазмунының стандарты ретинде оқыў режеси, предметлер бойынша сабақлықлар алып қаралыўы мүмкин. Олар тәлим стандартының ашылыў логикасының избе-из басқышларын аңлатады – «оқыў реже-бағдарлама-сабақлық», «стандарт-методика».

Тәлим стандартын дөретиўшилик еркинлиги талабы менен сәйкеслендириў керек, яғный оқытыўшы ҳәм студентлерди ҳәдден тыс қатаң шегаралардан қорғаўымыз тийис ҳәм олардың дөретиўшилик уқыплылығының раўажланыўы ушын жағдайлар жаратыўымыз керек. Стандарта дөретиўшиликке таярлық та, дөретиўши таярлық та өз сәўлесин табыўы тийис. Басқаша айтқанда, стандарт дөретиўшиликке тосық болмайды, ал оның таяныशы, қоллап-қуўатлаўшысы болады, оны бизлер қадағалаўшы өлшемлер менен анықлаўымызға болады. Бундай жағдайда оқыў процессиндеги стандарт тек оқытыўшының искерлигин бағдарлап қоймастан, оқытыў мақсетин жақсы түсинетуған оқыўшылардың да искерлигин бағдарлайды.

**Қадағалаӯ ушын сораӯлар:**

1. Бүгинги күнде билимлендириӯ тараӯындағы кризис нелер менен белгиленеди?
2. Билимлендириӯге жәмийеттиң раӯажланыӯ бағдары кандай талапларда козге тасланады?
3. Дөретиӯшиликке бағдарланған билимлендириӯ дегенде нелерди түсинесиз?
4. Тәбийи илимлерди гуманизацияланыӯына мысаллар келтирсеңиз.

**Қосымша әдебиятлар:**

1.Қўшоқов Ш. Фалсафани ўқитиш методикаси. –Самарқанд.: Университет, 2006
2. Қаҳҳорова Ш. Фалсафага кириш. –Т.: Университет, 2005.
3. Глобалистика. Международный энциклопедический словарь. / Под ред. Мазур И.И., Чумаков А.Н. –Москва-Санкт-Петербург-Нью-Йорк, ЕЛИМА, ПИТЕР, 2006.

# 5-ТЕМА. БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОЦЕССИНДЕ ҚАДРИЯТЛАР СИСТЕМАСЫ

***РЕЖЕ:***

*5.1. Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында*
*5.2. Билимлендириў инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳам информацияласыўы.*
*5.3. Билимлендириўде инновациялар.*

**Таяныш сөзлер:** *қадрият, гуманизм, стандарт, хабар технологиялары, педагогикалық технологиялар, оқытыў усыллары. Инсан потенциалы*

## 5.1. Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында

Тәлимниң қәдриятлық сыпатламасы үш өз-ара байланысқан блокларды: тәлим мәмлекетлик қәдрият сыпатында, тәлим жәмийетлик қәдрият сыпатында, тәлим инсанлық қәдрият сыпатында деген мазмунды өз ишине қамтыйды.

Тәлим мәмлекетлик кадрият сыпатында: қәлеген мәмлекеттиң мораллық, интеллектуаллық, илимий-техникалық, руўхый-мәдений ҳәм экономикалық потенциалы тиккелей тәлим тараўының прогрессивлик раўажланыў ҳалатынан ҳәм мүмкиншилигинен ғәрезли болады. Бул элементлердиң аксиомалық тәртипке ийе болыўына қарамастан, тәлимниң абыройын тәмийинлеў, оның мәмлекетлик әҳмийетин түсиниў мүмкиншилигин беретуғын иске асырыў механизмлери, дәлилленген исшең технологиялары зәрүр болады. Оларсыз тәлим тараўындағы мотивация хм стимулластырыў проблемаларын шешиў мүмкин  емес. Бул жерде мәмлекетлик оқыў орынларындағы тәлимниң үстинликке ийе болыўы, оның сайкес материаллық ҳәм мораллық инвестициялар менен қоллап қуўатланылыўы, адамды билим алыўға оятатуғын мотивлери ҳәм стимуллары есапқа алынады.

Бул берилген алғы шәртлер тәлимниң жәмийетлик кадрият екенлигин, оның жәмийетлик әҳмийетин сыпатлаў ушын да ҳақыйқый болады. Айырмашылығы мәмлекет ҳәм жәмийеттиң барабар түсиниклер болмаўында көзге тасланады. Бул бизлерден кеңейтирилген дәлиллерди талап етпесе керек. Жәмийет ҳәм мәмлекеттиң өз-ара қатнасы диалектикасы қурамалы, бирақ  олардың тәлимниң раўажланыўға болған талабы бир бирине сәкейс келеди ҳәм келисимли ҳәрекетте болады.

Тәлимниң инсанлық қәдриятын анализлеўге байланыслы проблема басқаша характерге ийе, әсиресе адамның тәлимниң өзине, оның дәрежеси ҳәм сапасына

болған индивидуаллық-мотивлескен қатнасы басқаша мәниске ийе болады. Сыртқы жағдайлар ең алды менен материаллық тийкарлар менен анықланады. Яғный берилген жәмийетте сәйкес дәрежедеги тәлим адамға не бере алыўы мүмкин деген сораў пайда болады. Ишки мәплер қалеген адамның биосоциаллық талапларының тереңлигинен, билимге болған тәбийий умтылысларынан келип шығады. Ишки мотивлер ҳәм стимуллар белгили дәрежеде қәлеген адам киретуғын тәлим орталығының психологиялық-педагогикалық атмосферасынан ғәрезли болады. Усы мәнисте адамның терең билиўге ҳәм усы дүньяны қайта өзгертиўге болған тәбийий  умтылысы тәлим искерлигиниң сәйкес-тәбийий технологиясына ийе болған анаў яки мынаў типтеги оқыў орынларында жасалма тәризде дөрелген  педагогикалық орталық пенен өз-ара тәсир етисиўи зәрүр болады. Басқаша айтқанда, инсанны ишки билимлик талапларын сәўлелендириўши векторлар ҳәм бул талаплардың  қанаатландырылыўының педагогикалық жақтан дәлилленген  усыллары бағдарлары бойынша сәйкес келиўи, бир бирин байытыўы ҳәм қоллап қуўатлаўы тийис болады.

Бизлер бул жерде «тәлим» категориясына қадриятлық баҳа түринде берилген Б.С.Гершунскийдиң анықламасын қоллап қуўатлаймыз. Бул баҳа бойынша мәмлекетте тәлимди раўажландырыў сиясаты инсанға бағдарланған болыўы тийис, қәлеген адамның тәбийий ҳәм ажыралмас ҳуқықын, яғный инсанның индивидуаллық өзгешеликлерин, мәплерин ҳәм уқыплылығын есапқа алған ҳалда  билим алыўға болған ҳуқықын толығы менен қанаатландырыў мүмкиншилигин береди. Бирақ тәлимниң инсанлық бағдарланыўы оның жәмийетлик-мәмлекетлик әҳмийетин бийкарлаўды аңлатпайтуғынлығын ядымыздан шығармаўымыз тийис. Усы қатнаста сиясат дәрежесинде социл-экономикалық ҳәм социомәдений тараўлардың ҳәм тәлим тараўының өз-ара тәсирин ҳәм конкрет байланысларын көрип шығыўымыз зәрүр. Бул байланыслар дәл анық сәўлеленген прогнозлық характерге ийе болады, себеби  тәлимниң өзи жәмийеттиң барлық тараўларының келшектеги ҳалатын анықлайды.

Инсанға бағдарланған тәлим парадигмасы тәлимниң дифференциациясының зәрүрлигин алға сүреди. Бундай жағдай мәмлекетлик ҳам альтернативалық мәмлекетлик емес тәлим мәкемлери параллель өмир сүрсе ғана болыўы мүмкин. Буннан тәлим тараўындағы сиясат тәлимди басқарыўдың мәмлекетлик-жәмийетлик механизмлериниң сәўлелендирилиўин ҳәм қоллап-қуўатланылыўын, ҳәр қыйлы дәрежедеги оқыўы орынларының жумысын шөлкемлестириўдиң демократиялық формаларын талап ететуғынлығы келип шығады. Олардың толық нормативлик-ҳуқықый теңлик, өзин басқарыў, регионаллық ҳәм жергиликли өзгешеликлерди есапқа алыў тийкарында ҳарекет етиўи, мәмлекетлик тәлим стандартына тийкарланыўы шәрт болады.

## 5.2. Билимлендириӯ инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириӯдиң инсаныйласыӯы ҳам информацияласыӯы.

Тәлим алыўшыларды тараўлық ҳәм регионаллық мәплерге бағдарлаў.Базар конъюнктурасын есапқа алатуғын қәнигелерди таярлаўды тәмийинлейтуғын оқытыў технологияларын жетилистириў ушын, оқыўшылардың

уқыплылықларына, қызығыўшылығына сай билим алыў маршрутын таңлаўдың үлкен еркинлигин тәмийинлеў ушын жағдайларды жаратыў керек болады.

Концептуаллық жақтан тәлимди мақсети анық, институтласқан, педагогикалық жақтан шөлкемлескен ҳәм адамның, жәмийеттиң мәплерине сай иске асырылатуғын, инсанның жобалы түрде социалласыўының процессии ҳәм нәтийжеси ретинде алып қараўға болады. Тәлимниң мақсетлеринде жәмийеттиң де мәплери, конкрет инсанның да мәплери концентрацияланған түрде өз сәўлесин табады. Жәмийет тәлимге үлесин қосады. Бул капиталды тигиўди өзиниң пайдасына айландырыў ушын, жәмийет тәлимниң жәрдеминде инсанның уқыплылығын раўажландырады, себеби пүтин тек ғана қурам бөлеклердиң жоқары сапаға ийе болыўынан утысқа ериседи.

Заманагөй тәлимниң мақсетлери ретинде жәмийетке ҳәм инсанның өзине керек болған инсанның уқыплылықларын раўажландырыў, инсанды социаллық-қәдриятлық активлиликке киргизиў, институтласқан тәлим системаларынан сырттағы мустакил тәлимниң эффективлилик мүмкиншилигин (малаканы асырыўда киреди) тәмийинлеўди алып қараўымызға болады.

Тәлим процессин ҳәрекетке келтириўши күш болған мәп, қызығыўшылық (мотивация) тәлимниң мазмунына ҳәм оған ерисиў усылларына болған дыққатты тәмийинлейди. Тәлим процессинде өсип баратырған адамның жеке тәжрийбесиниң илимий түсиниклерде беккемленген ҳәм сәўлеленген, мазмун менен конкретлесетуғын, байытылатуғын социаллық тәжрийбе менен биригиўи иске асырылады. Бул процесстиң басқа компонентин рефлексия береди, ол дәслеп сезиўлик қабыл етиўдиң, елеслердиң, кейин ала пикирлердиң, ойлаў процессиниң билиў методларының инертлилигиниң инсан тәрепинен сапластырыў ушын зәрүр болады.

Тәлим адамды билимнен (берилген предмет нени аңлататуғынылығы ҳаққында түсиник) билиўге (предметтиң келип шығыўы, тәбияты, тийкары, оның дүнья системасында тутқан орны, оның раўажланыў факторлары, процессии ҳәм тенденциялары ҳаққындағы түсиниги) алып барады. Тәлимдеги ең әҳмийетли тийкарды билиў усылларын түсиниў, ойлаўдың өзин, оның жолларын, методларын тексериў уқыплылығы, шынлық ушын бурынғы, мәңги жетиспейтуғын билимлерден, субъективлиликтен бас тартыў уқыплылығы береди. Тәлим адамдағы оның өзи ҳәм жәмийет ушын зәрүр болған ойлаўдың өзин сынға алыўға болған уқыплылығын раўажландырыўға болған көнликпесин пайда етеди.

## 5.3.Билимлендириўде инновациялар.

Инновациялық тәлимниң баслы мақсетин адамның дөретиўшилик потенциалын сақлаў ҳәм раўажландырыў береди. Бирақ бүгинги күни дөретиўшилик ҳәм жобаластырыў жеткиликсиз болады. Тәлим улыўма адамзатлық қадриятлар менен суўғарылыўы тийис. Оның ушын биринши гезекте тәлим инсанның ишки еркинлиги ҳәм оның социаллық жуўапкершилигиниң биригиўине, басқаша пикирлеўге шыдамлы болыўға тийкарланған гармониялық ойлаўды раўажландырыўы тийис. Усы инсанға берилген сыпатламалар бүгинги

күни БМШ ҳүжжетлеринде басшылыққа алынған жер цивилизациясының тийкарғы қәдриятларының қатарына киргизилген.

Бүгинги күни ойланатуғын адам бақлаўы, анализлеўи, усынысларды киргизиўи, қабыл етилген шешимлер ушын жуўап бериўи ҳәм конфликтлерди ҳәм қарсылықларды сапластырыўы тийис. Ал бунақ ушын ол мәселелерди қойыў ҳәм шешиўдиң көп өлшемли мәдениятына ийе болыўы тийис, бирде бир теорияның универсал ҳәм мәңги бола алмайтуғынлығын, ҳеш кимниң ең кейинги дәрежедеги шынлық бола алмайтуғынлығын түсиниўи керек.

Солай етип, инновациялық тәлимниң принциплериниң бирин оның шешимниң көп өлшемлиликке, басқаша пикирлеўге шыдамлы болыўын ҳәм өзиниң ис-ҳәрекетлери ушын әдеп-икрамлылыққа тийкарланыўын тәмийинлейтуғын дүньяға көз қарасты қәлиплестириўге бағдарланыў береди. Тәлимниң эффективлилиги оның нәтийжелери менен анықланады. Ол нәтийжеге ерисиў жоллары ҳәм усыллары менен бир қатар қойылады, материаллық ҳәм руўхый байлықларды, қәдриятларды дөретиўге қосқан үлеси менен баҳаланады, жаңа әўладларды тек бүгин емес, келешекте де дурыс жасаў искусствосына үйретеди.

Бул жоқарыда көрсетилген мазмун жоқары оқыў системасында Мәмлекетлик тәлим стандартына[2] сәйкес иске асырылады. Онда ҳәр бир бағдар ҳәм ҳәр бир қәнигелик бойынша тәлим мазмунына улыўма талаплар қойылады. Стандартлар жас қәнигениң ийелик етиўине сәйкес квалификация ҳәм инсанлық сапалар дәрежесин көрсетиўши улыўма шәртли болған билимлерди, уқыплылық ҳәм көнликпелерди аңлатады.

Жоқары кәсиплик тәлим системасына қолланғанда стандарт интеграцияланған кәсиплик категория болып, оның тийкарын қурамалы көп профилли ҳәм көп дәрежели объекттиң модели қурайды, ол меншикликтиң көп түрли формаларына, мийнет базарының раўажланыўына, тәлимниң үзликсизлигине, кәсиплик оқыўдың ҳәр қыйлы формаларының бар болыўына сәйкес келетуғын барлық тәлим системасын қамрап алады. Модель базалық дәрежеге, мазмунға, кәсиплик таярлықтың сапасына болған қағыйда, қәдриятлар, нормалар, талаплар комплексин өз ишине қамтыйды. Модель стандарттың практикалық искерликтеги структуралық шөлкемлесиўин ҳәм иске асырылыўын тәмийинлейтуғын функциялар, параметрлер, компонентлер менен сыпатланады. Оның системаны тәмийинлеўши факторын билим ҳәм квалификация дәрежеси береди.

Жоқары кәсиплик тәлим стандартын ислеп шығыў ҳәм енгизиў өзиниң мақсети ретинде төмендегилерди басшылыққа алады:

-кәсиплик билимди алыўды ҳәм даўам етиўди тәмийнлейтуғын базалық дәрежени, квалификацияның зәрүрли дәрежелерин, инсанның раўажланыўын белгилейди, қаниге-профессиналдың аттестациясы оннан төмен болыўы мүмкин емес.

---

[2] Стандарт (англ. – норма, үлги) кең мәнисте басқа уқсас объектлерди олар менен салыстырғанда негизги ретинде қабылланатуғын үлги, эталон, модель дегенди аңлатады. Стандарт нормативлик-техникалық документ (ҳүжжет) сыпатында стандартластырыў объектине болған талапларды, қағыйдалар, нормалар комплексин белгилейди ҳәм компетентли орган тәрепинен тастыйықланады.

-кәсиплик профильди кеңейтиў, кәсиплердиң интеграциялаcқан топарына ийелик етиў, тәлимниң мазмунының универсалласыўын тәмийинлеў, оқытыўдың прогрессивлик системаларын еңгизиў, оқыў мәкемелериниң ҳәм басқарыў органларының искерлигиниң эффективлилигин қадағалаўдың автоматласқан системалар жолы менен кәсиплик таярлықтың сапасын көтериў;

-жоқары кәсиплик тәлим системасының барлық субъектлериниң, кәсиплик таярлықтың барлық формаларының жуўапкершилигин ҳәм ҳуқықларын тәртиплестириў, үзликсиз тәлим жағдайында кәсиплик билимлендириўдиң мийраслық байланысын орнатыў;

-мәмлекеттиң ишинде ҳәм мәмлекеттен тысқарыда жоқары кәсиплик тәлимниң тән алыныўын тәмийинлеў , оның мийнеттиң халық аралық базарында тосықсыз қатнасыўын иске асырыў арқалы;

Қолланылыў тараўына ҳәм тастыйықланыў дәрежесине қарай жоқары кәсиплик тәлимниң төмендегише түрлерин бөлип көрсетеди:

-халықаралық, ол халық аралық нормативлерге сәйкес ислеп шығылады;

-мәмлекетлик (миллий, федераллық), елдиң ҳүкимети ямаса ол тәрепинен ҳуқық берилген орган тәрепинен белгиленеди;

-регионаллық, дара регионлар ушын олардың тармақлар ара ҳәм арнаўлы жағдайларына сәйкес ислеп шығылады ҳәм ҳәкимияттың регионаллық органлары тәрепинен тастыйықланады.

Мәмлекетлик тәлим стандарты тәлим кеңислигиниң бирлигин сақлаўды, үзликсиз тәлим мүмкиншилигин, академиялық мобиллиликти, финанслық ҳәм материаллық-техникалық ресурслардың рационаллық жумсалыўын тәмийинлеўге қаратылады. Стандартлар инсанның, жәмийеттиң, мәмлекеттиң талапларына, олардың иске асыў мүмкиншиликлерине сәйкес келиўи тийис ҳәм қатаң анық эталонларға тийкарланатуғын интсрументаллық-технологиялық шөлкемге ийе болыўы шәрт. Тек ғана усындай жағдайда олар экономиканың раўажланыўы ушын, илимий-техникалық прогресске имканият жарататуғын жағдайларды дөретиўге хызмет етеди.

Мәмлекетлик тәлим стандарты –

-ҳәзирги басқышта тәлимниң мазмуныны ҳәм мақсетлерин, олардың жаңаланыў жолларын қәйта көрип шығатуғын қурал;

-мәмлекеттиң миллеттиң саўатлылық дәрежесине ҳәм тәлимниң улыўма мазмунының жәмийетлик әҳмийетине қатнасына байланыслы консенсусқа ерисиўи ушын жуўапкершилигиниң артыў формасы;

-заманагөй социомәдений жойбар ҳәм социаллық технология сыпатында тәлимниң ролине ҳәм жаңаланған ўазыйпасына қатнаста жәмийеттиң рефлексиясы методы;

- тәлимлик ҳәр қыйлылықты қоллап-қуўатлаў ҳәм билимлендириў әмелиятын тәртиплестириў жолы;

-тәлим системаларының ҳәм тәлим сапасының нәтийжелигин қадағалаўдың объективлесиў проблемаларын шешиў гилти;

-тәлимниң қабыл етилген басқышларында ҳәм дәрежелериндепуқаралардың билимлилигиниң динамикалық өсиў факторы;

-миллий тәлим өнимин прогнозлық жобаластырыў усылы, ол жоқары дәрежеде инсанның, жәмийеттиң ҳәм мәмлекеттиң талапларын гармонияластырады.

-миллий билимлендириў мәденияты шегарасында тәлимди парадигмалық байытыў механизми;

- тәлим сиясатын демократизацияластырыў ҳәм билимлендириў тараўындағы дискриминацияға қарсы гүресиў усылы;

- дүньядағы саўатлылықтың улыўма цивилизациялық дәрежесин қоллап-қуўатлаў қуралы;

- тәлим ҳаққындағы ҳүжжетлерди академиялық кәсиплик мойынлаўды тәртиплестириў жолларының бири.

Бул берилген мағлыўматлар улыўма тәлим системасына тийисли. Жоқары кәсиплик тәлимди стандартластырыўдың тийкарғы объектлери ретинде төмендегилерди алып қараўға болады:

Кәсиплик искерликтиң түрлерин ҳәм объектин,тараўлардың сүўретлениўин, таярлықтың шөлкемлескен формаларының структурасын, берилетуғын академиялық дәрежени, берилген бағдар бойынша оқыўдың нормативлик даўамлылығын, тәлимди даўам етиў мүмкиншиликлерин өз ишине қамтыўшы бағдардың (қәнигеликтиң) сыпатламасы;

Питкериўшиниң билимлилигине қойылатуғын улыўма талапларды, билимлерди өзлестириў дәрежесине, билиў ҳәм искерликтиң методларының қәлиплесиўине, пәнлердиң цикллери бойынша кәсиплик искерликтиң комплексли таярлығына болған талапларды өз ишине қамтыўшы бағдардың (қәнигеликтиң) бағдарламасы бойынша кәсиплик оқыўды жуўмақлаған адамлардың таярлық дәрежесине болған системалы дүзилген талаплар;

Стандартларды, оның қурамлық бөлеклерин орынлаўды мәмлекетлик қадағалаўды жүргизиў методикасы ҳәм мазмунына қойылатуғын талаплар.

Жоқарыдағылардан келип шығып, республикамызда киргизилген мәмлекетлик тәлим стандарты тәлимниң глобаллық мақсетин ҳәм оның кейинги нәтийжесин диагностикалық сүўретлеўди аңлатады, яғный стандарт – педагогикалық системаның сапасын тәмийинлеўши инструментарий болып табылады. Бул берилген анықламада анық түрде бизлердиң дөретиўши педагогикалық изертлеўлеримиздиң унамлы нәтийжеси сыпатында бизиң әмелиятымызға кирилген сапалы жаңа сәўлеленген. Бул жаңа тәлимниң глобаллық мақсетиниң қәлиплесиўинде көзге тасланады, бурын ол жоқары кәсиплик мектепте иске аспаған еди.

Тәлимниң улыўма мақсетин – жоқары оқыў орынларын питкерген питкериўшиниң кәсиплик ҳәм жеке инсанлық сапаларының қәлиплесиўи (оның жумысының соңғы нәтийжеси сыпатында диагностикаланатуғын) береди. Оқыў мәкемелериниң ўазыйпаларын улыўма мақсетти кишигирим мақсетлерге бөлиў береди, ол инсанның ўақытта (семестрлер, оқыў курслары) басқышпа-басқыш қәлиплесиўин (оқытыў ҳәм тәрбиялаў) сыпатлайды.

Тәлимниң мақсетиниң глобаллық дәрежеде қәлиплесиўи тийкарында оған ерисиўдиң ҳәр қыйлы педагогикалық технологиялар ислеп шығылады, олар өз

гезегинде тәлимниң ҳәр қыйлы жағдайлары ушын берилген тәлим стандарты ушын туўынды хызметин атқарады ямаса екинши тәртиптеги стандартларды береди. Педагогикалық технологияның қурамына тәлимниң деталласқан мазмуны, дидактикалық процесслер, тәлимди шөлкемлестириўши формалар ҳәм қураллар киреди, усыған байланыслы педагогикалық технологияның барлық берилген компонентлери бойынша оқытыў стандартлары еңгизиледи. Оқытыў сапасы ҳәм мазмунының стандарты ретинде оқыў режеси, предметлер бойынша сабақлықлар алып қаралыўы мүмкин. Олар тәлим стандартының ашылыў логикасының избе-из басқышларын аңлатады – «оқыў реже-бағдарлама-сабақлық», «стандарт-методика».

Тәлим стандартын дөретиўшилик еркинлиги талабы менен сәйкеслендириў керек, яғный оқытыўшы ҳәм студентлерди ҳәдден тыс қатаң шегаралардан қорғаўымыз тийис ҳәм олардың дөретиўшилик уқыплылығының раўажланыўы ушын жағдайлар жаратыўымыз керек. Стандартта дөретиўшиликке таярлық та, дөретиўши таярлық та өз сәўлесин табыўы тийис. Басқаша айтқанда, стандарт дөретиўшиликке тосық болмайды, ал оның таянышы, қоллап-қуўатлаўшысы болады, оны бизлер қадағалаўшы өлшемлер менен анықлаўымызға болады. Бундай жағдайда оқыў процессиндеги стандарт тек оқытыўшының искерлигин бағдарлап қоймастан, оқытыў мақсетин жақсы түсинетуған оқыўшылардың да искерлигин бағдарлайды.

**Қадағалаў̆ ушын сораў̆лар:**

1. Билимлендириў̆ мәмлекет ушын кадрият дегенде нени түсинесиз?
2. Жәмийет уын билимлендириў̆диң кадрияты нелерде көзге тасланады?
3. Инсан ушын билимлендириў̆диң кадрият екенлигинен қандай жуў̆мақлар шығады?
4. Инновация денде нени түсинесиз?

**Қосымша әдебиятлар:**

1.Қўшоқов Ш. Фалсафани ўқитиш методикаси. –Самарқанд.: Университет, 2006
2. Қаҳҳорова Ш. Фалсафага кириш. –Т.: Университет, 2005.
3.Глобалистика. Международный энциклопедический словарь. / Под ред. Мазур И.И., Чумаков А.Н. –Москва-Санкт-Петербург-Нью-Йорк, ЕЛИМА, ПИТЕР, 2006.
4. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006

## 3.СЕМИНАР САБАҚ МАТЕРИАЛЛАРЫ

**1-тема. Билимлендириў философиясының жүзеге келиўи, предмети ҳәм ўазыйпалары**

**Реже:**

1. Билимлендириў философиясының өз алдына билим тараўы сыпатанда ажыралып шығыўы
2. Билимлендириў философиясының философиялық илимлер системасындағы орны
3. Билимлендириўдиң улыўмалық принциплери мәселеси.

**2-тема.Билимлендириў система сыпатында**

**Реже:**

1. «Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары.
2. Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы
3. Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери

**3-тема. Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли**

**Реже:**

1. Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар
2. Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери
3. Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары

**4-тема. Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары**

**Реже:**

1. Билимлендириў кризиси
2. Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар
3. Билимлендириў процессине ҳазирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи

**5-тема. Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы**

**Реже:**

1. Билимлендириў мәмлекетлик қадрият сыпатында
2. Билимлендириў инсанлық кадрият сыпатында. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳам информацияласыўы.

**6-тема. Билимлендириўде инновациялар.**

**Реже:**

1. Билимлендириў процессиндеги методика ҳам технологияның өзгешеликлери
2. Гуманитар пәнлерди өтиўде алдыңғы методикалар

## Семинар сабақларында усыныс етилетуғын методлар

## Китап пенен ислесиў

Китап пенен ислесиў методы барлық функцияларды атқарады: билим бериў, тәрбиялаў, раўажландырыў, тийкарлаў. Ол, студентлер тәрепинен:

- оқыўда, сабақўақтындаоқытыўшынынңбасшылығында;
- үйде, өз бетинше формада орынланыўы керек.
- Үйде китап пенен ислесиў методы ўазыйпасын студентлер алдына қойўыдан алдын, олар китап пенен ислесиў методларын ислете билиўин анықлаў
- Оның дүзилиси менен танысып шығыў
- Көз жуўыртып өтиў
- Өз алдына бабларды оқыў
- Сораўларға жуўап излеў
- Материалды үйрениў
- Реферат жазыў
- Қысқаша баянат дүзиў
- Ўазыйпа ҳәм шынығыўларды шешиў
- Тест сынақларын орынлаў
- Материалды ядта сақлап қалыў

## Сабақ ўақтында китап пенен ислесиўдиң
## ТЕХНОЛОГИЯЛЫҚ КАРТАСЫ

| Жумыстың басқышы ҳәм мазмуны | Искерлик | |
|---|---|---|
| | Оқытыўшының искерлиги | Студент |
| **I-басқыш Таярлаў** | Студентлер өз бетинше үйрениўи ушын рқыў материалын таңлайды.<br>Оқыў искерлигиниң мақсети, ўазыйпасы, нәтийжелери ҳәм оны баҳалаў критериясын қәлиплестиреди. | |
| **II-басқыш Темаға кирисиў** | Студентлерди үйренип атырған тема менен таныстырыў мақсетинде алдын үйренилген қайсы материал менен жаңа материалды салыстырҳәм байланыстырыў зәрүрлиги ҳаққында сәўбетлеседи. Жаңа материалдың тийкарғы сораўларына дыққат аўдарады. өз бетинше жумыстың тәртиби ҳәм ўазыйпаларын белгилейди; (бул: оқыў, түсиниў, тийкарғы нәрселерди белгилеў, еслеп қалыў, салыстырыў ҳәм т.б. болыўы мүмкин). | Тыңлайды |
| **III-басқыш Китап үстинде ислеў** | Баҳалаў критерияларын дағазалайды.<br>Күзетеди, индивидуаль жәрдем көрсетеди. | Оқыйды, үйренилип атырған материалдың тийкарғысын белгилейди, жазады. Ўазйпаларға қарап логикалық схемалар, реже яки конспект түзеди, яки үйренилип атырған сораў бойынша әдебият таңлайды. |
| **IV-басқыш Тексериў, анализлеў ҳәм баҳалаў** | Үйренилген материалдың өзлестириў сыпатын тесереди, анализ қылады ҳәм нәтийжелерди баҳалайды. | Қайта ислеп шығады, схемаларды демонстрация қылады. Өз-ара тексериў, өз-ара баҳалаў, өзине баҳа бериўди әселге асырыўлары мүмкин. |

**Китап пенен ислесиў техникасын үйретиў төмендегилерди гөзлейди:**

Студентлерде өз-өзин тексериў маманлығын қәлиплестириў;

Студент материалды өзлестиргенлиги ҳаққында китапты неше мәрте оқып шыққанына қарап емес, ал мазмунын толық ҳәм саналы түрде баян ете билиўине қарап баҳа бериў керек. Бунық ушын оқыўға емес, бәлким жақсы еслеп қалыўға көбирек ўақыт ажыратыў әдетин қәлиплестириў;

Үйде китап үстинде ислеў, сабақта алыеған билимлерди есте қайта тиклеўден баслаўын түсиндириў;

Китап оқыў процессинде, студентлер ядында сақлаўға үйрениў керек;

Соның ушын, оларды оқыған нәрселериниң режесин дүзиўге, оны логикалық-структуралық схемалар яки жәрдемши конспект көринисинде жазыўды алып барыўға үйретиў.

## Шынығыў

Шынығыў – тәлимниң методы болып, өтилген материалларды әмелиятда қолланыў мақсетинде, реже менен шөлкемлестирилген ҳәрекетлерди көп мәртебе орынлаў.

Бул методтың тийкарғы функциялары: үйретиўши ҳәм раўажландырыўшы.

Усы методтың қолайлырағы содан ибарат,ол, көнликпе ҳәм маманлығын нәтийжели қәлиплестириўин тәмийинлейди, кемшилиги - мотивацион функцияны әстен орынлаў болып табылады.

Шынығыўлардың төмендеги түрлери бар:

- арнаўлы;
- түсиндирмели;
- жазба;
- аўызеки;
- ислеп шығарыў – мийнет;
- лаборатория - әмелий.

### ШЫНЫҒЫЎЛАРДЫҢ ТЕХНОЛОГИЯЛЫҚ КАРТАСЫ

| Жумыстың басқышы ҳәм мазмуны | Искерлик | |
|---|---|---|
| | Оқытыўшының искерлиги | Студент |
| I-басқыш Таярлаў | Студентлерде қәлиплестириў ҳәм тереңлестириў зәрүр болған билимлер, көнликпелер ҳәм маманлықлар дизимин анықлайды. Шынығыўдың түрин ҳәм оны орынлаўды баҳалаў критерияларын белглейди. | |
| II-басқыш Кирисиў | Орынланыўы керек болған шыеығыўдың мақсети ҳәм ўазыйпасын, оны орынлаўда баҳалаў критерияларын түсиндиреди. | |
| III-басқыш Бирлемши | Анаў яки мынаў шынығыўды қандай орынлаўын көрсетеди. | |

| | | |
|---|---|---|
| **хәрекетлерди ийелеў (бул басқыштың кереклигин студенттиң өзи анықлайды)** | | |
| **IV-басқыш Шынығыўды орынлаў** | Бақлайды, индивидуаль жәрдем береди. | Әмелий көнликпе ҳәм шеберлигин асырыўға, өз бетинше ҳәм дөретиўшилик қатнас жасаўға бағдарланған хәрекетлерди орынлайды. |
| **V-басқыш. Тексериў, анализлеў ҳәм баҳалаў** | Жуўмақ жасайды: студентлер тәрепинен әмелге асырылған жумысларды тексереди, анализлейди, баҳалайды. | Өза-ра тексериўди, өз-ара баҳалаўды ҳәм өз-өзини баҳалаўды әмалге асырыўы мүмкин. |

**Китап пенен ислесиў**

Китап пенен ислесиў методы барлық функцияларды атқарады: билим бериў, тәрбиялаў, раўажландырыў, тийкарлаў. Ол, студентлер тәрепинен:

- оқыўда, сабақўақтындаоқытыўшыныңбасшылығында;
- үйде, өз бетинше формада орынланыўы керек.
- Үйде китап пенен ислесиў методы ўазыйпасын студентлер алдына қойўыдан алдын, олар китап пенен ислесиў методларын ислете билиўин анықлаў
- Оның дүзилиси менен танысып шығыў
- Көз жуўыртып өтиў
- Өз алдына бабларды оқыў
- Сораўларға дуўап излеў
- Материалды үйрениў
- Реферат жазыў
- Қысқаша баянат дүзиў
- Ўазыйпа ҳәм шынығыўларды шешиў
- Тест сынақларын орынлаў
- Материалды ядта сақлап қалыў

Лекция – үлкен көлемдеги оқыў материалын узақ ўақыт даўамында монолог түринде баян етиў болып табылады.

Бул методтың тийкарғы ўазыйпасы – билим бериў, үйретиў. Белгилери: категориялы дүзилиске ийе; сөйлеў – логикалық баян етиў, берилип атырған информацияның көплиги. Лекциялар, оқытыўшыға, студентлердиң тәжирийбеси болмағанлығына байланыслы итибар бермейтуғын пәнниң зәрүрлигин ажыратып көрсетиў имканиятын береди.

Студентлер менен оқытыўшылардың биргеликтеги усы искерликти шөлкемлестириў методының эффективли шәртлери төмендегилерден ибарат:

- лекцияның толық режесин дүзиў;
- лекцияның режесин еситтириў;

- режениң хәр бир пунктин ашып бериўден соң қысқаша улыўма жуўмақ шығарыў;
- лекцияның бир бөлиминен басқа бөлимине өтиўде логикалық байланысты тәмийинлеў;
- проблемалы баян етиў;
- жазып алыў зәрүр болған жерлерин ажыратып жаздырыў;
- лекцияларды оның өз алдына көринисин толық анализ етиў имканиятын бериўши семинар сабақларын хәм әмелий сабақлар менен қосып алып барыў.

Лекцияны традициялы түрде бир тәреплеме байланыс көринисинде алып барыў хәм мүмкин, яғный оқытыўшы айтып береди, студентлер болса тыңлайды. Егер лекцияны өткериўде актив усыллардан қолланылса, таълим мақсетине ерисиўдиң актив методын хәм көрсетиўге мүмкин:

- проблемалық лекциялар;
- лекция – конференциялар;
- конспектсиз лекциялар – пикирди сөз бенен айтыў;
- авторлық лекциялар;
- лекция–дискуссиялар (диспут, полемика);
- қайтар байланыс техникасын қолланған лекциялар;
- анық жағдайды анализ қылыў лекциялары.

**ҲИКАЯ –** онша үлкен болмаған, тәрийплеўши характерге ийе болған оқыў материалын монологикалық, ҳикая етиўши, хабар беруўши баянат есапланады.

**ТҮСИНДИРИЎ–** баян етилип атырған материалды түрли жағдайларын анализлеў, түсиндириў, ескертпе бериў хәм дәлиллеў жәрдеминде оқыў материалын баян етиў.

Егерде бизлер төмендеги дидактикалық мәселелерди шешпекши болсақ, бул методлар биргеликте билимди логикалық, тәртиплестирилген, түсиникли, эмоциональлы етип жеткериў ушын қолланылады:

- түсинтириў, сүўретелў, еслеў, санаў;
- топарлар бойынша бөлиў;
- сүўретлеп бериў;
- баҳалаў;
- мотивациялаў ҳ.т.б.

### *Көрсетиў (демонстрация)*

**Демонстрация** – студентлерди тәбийий жағдайда ўақыялар, процесслер, объектлер менен көргизбели – эмоциональ таныстырыў.

**Кирис лекция** оқыў предмети бойынша ең биринши бир пүтин мағлыўматты береди хәм студентти жумыс барысында усы курс бойынша бағдарлайды. Лектор студентлерди курстың мақсети, ўазыйпалары, оның роли хәм дисициплиналар системасында тутқан орны хәм келешекте кәнигени таярлаўдағы орны менен таныстырады. Курсқа қысқа шолыў жасалады, илим хәм әмелияттың раўажланыў дәўирлери, усы сферадағы жетискенликлери, атақлы илимпазлардың атлары, изертлеўлердиң перспектив бағдарлары баян етиледи. Бул лекцияда курс шегарасында методикалық хәм шөлкемлестириўшилик жумыслардың өзгешелиги

айтылады, оннан кейин студентлерге усынылып атырған оқыў-методикалық әдебиятлардың анализи бериледи, есабат тапсырылатуғын ўақты ҳәм формасы анықланады.

**Лекция-информация.** Бул лекция студентлерге түсинип жетиў ҳәм еске алыў ушын илимий инфомацияны баян етип ҳәм түсиндирип бериўге бағдарланған болып табылады. Жоқары оқыў орны әмелиятында лекция-информация лекцияның ең традицион тип есапланады.

**Обзорлық лекция** – жоқары дәрежеде илимий билимлерди систематизациялаў болып табылып, предметлерара байланысларды, детализация ҳәм конкретизацияны есапқа алмаған ҳалда, ашып бериўде баян етилетуғын информацияны түсинип алыў барысында ең көпассоциатив байланыслар рухсат етиледи. Баян етилетуғын теориялық қвғыйдалар толық курсты ямаса оның айырым бөлимлериммң илимий-түсиниў ҳәм концептуаль тийкарын қурайды.

**Проблемалық лекция.** Бул лекцияда жаңа билим сораўдың проблемалылығы, мәселе ҳәм ўазиятлар арқалы енгизиледи. Студентлердиң билиў процесси оқытыўшы менен бирге қарым қатнаста болған ўақытта ҳәм ол менен бирге алып барған диалог арқалы изертлеў искерликке жақынласады. Проблеманың мазмуны оның шешиў жолын табыўды шөлкемлестириў жолы менен ямаса традицион ҳәм ҳәзирги заман көз қараслардың жыйындысы ҳәм анализи тийкарында ашып бериледи.

**Лекция-визуализация** лекциялық материалды бериў ўақытында ТСО оқытыўдың техникалық қураллары арқалы ямаса аудовидеотехника (видеолекция) тийкарында әмелге асырылады. Бундай лекцияны оқыў көрсетилип атырған визуаль материаллардың (натураль объектлер – адамларды, олардың ис ҳәрекети ҳәм ислеген қылықлары, сәўбетлесиўи ҳәм сөйлесиўлери; минераллар, реактивлер, машиналардың детальлары; картиналар, сүўретлер, фотографиялар, слайдлар; символикалық, схема түринде, таблица, графиклер ҳәм модельлер түринде) толық ашып берилиўи ямаса қысқаша комментарийдер киритилиўине қаратылған болып табылады.

**Бинарлық лекция** – еки оқытыўшының диалог формасында лекцияны оқыў түри болып (ямаса еки илимий мектептиң ўәкили, ямаса илимпаз ҳәм практиктиң, ямаса оқытыўшы ҳәм студенттиң) болып табылады.

Ең алды менен қәтелер менен планластрылыған лекция студентлердиң ҳәмме ўақытта умынылып атырған информацияның олар тәрепинен қадағалаўына алып келеди (қәтелерди табыў: мазмуный жақтан, методологиялық, методикалық ҳәм орфографиялық). Лекцияның ақырында тыңлаўышылардың ҳәм исленген қәтелердиң талқылаўының диагностикасы алып барылады.

**Лекция-конференция** 5-10 минут узағы ўақыты менен алдын қойылғанпроблемалар ҳәм докладлар системасы менен илимий-әмелий сабақ түринде алып барылады. Ҳәр бир жасалған баянат ҳәм шығып сөйлеўлер, алдын ала оқытыўшы тәрепинен усынылған программа бойынша тийкарынан логикалық тамамланған текстти қурайды. Усынылған текстлердиң жыйындысы проблеманың ҳәр тәреплеме ашылыўына дерек бола алады. Лекция ақырында оқытыўшы студентлердиң өз бетинше жумысларына ҳәм шығып сөйлеўлерине

жуўмақ шығара отырып, усынылған информацияны толықтырады ямаса анықлық киритеди, ҳәм тийкарғы жуўмақты формулировкалайды.

**Лекция-консультация** ҳәр түрли сценарийлер бойынша алып барылады ҳәм өтиледи. Биринши варианты «сораў-жуўап» типи тийкарында әмелге асырылады. Барлық курс бойынша ямаса курстың қандай-да бөлими бойынша лектор лекцияға ажыратылған ўақыт даўамында студентлердиң берилген сораўларына жуўап береди. Екинши варианты болып «сораў-жуўап – дискуссия» типии тийкарында әмелге асырылады. Бул лекцияда тийкарынан лектор тәрепинен жаңа оқыў информациясы баян етиледи ҳәм сораўлардың қойылыўы ҳәм қойылған сораўларға жуўап табыўда дискуссияны шөлкемлестириў болып табылады».

Информациялық технологияларды қолланыў процесси көбирек компьютерди пайдаланыўды бағдарланған. Бул бойынша философия пәнине тийисли темаларға слайдлар ислеў ҳәм оларды демонстрациялаў процесси әмелге асырылады, мультимедиаларды қолланыў нәзерде тутылады.

**«Кластер» методы**

- 
- «Кластер» методы ҳаққында мағлыўмат`
- Берилген тема бойынша студентлерге еркин ҳәм ашық түрде пикирлеўге жәрдем бериўши педагогикалық стратегия. Ол ойлаў искерлигин стимулластырыў ушын қолланылады. Белгили тема бойынша түсиникке ийе болыў ушын, студентлердиң өзлериниң жеке билимлерине қатнасын көрсетиўши стратегия.
- Кластерди дүзиўге қойылатуғын талаплар :
- -берилген теманың мазмунына байланыслы түсиник ҳаққында ойымызға келген барлық мағлыўматты жазамыз (олардың сапасын есапқа алмаған ҳалда).
- -мағлыўматлар арасында илажы барынша көп байланысты көрсетиўге ҳәрекет етиў керек.

**«Инсерт» стратегиясы**

- «Инсерт» стратегиясын қолланыў сабақ барысында берилип атырған материалды студентлердиң өзлестиргенлигин интерактив белгилер системасын пайдаланыў жәрдеминде анықлаў ушын қолланылады. Бул стратегияны қолланыў студентлерде текст пенен жумыс ислеўдиң эффективлилигин, ойланып оқыўды, гөне материал менен жаңаның байланысын көрсетиў уқыплылығын арттырады.
- Инсерт стратегиясының белгилер системасы төмендегише көриниске ийе болыўы шәрт: «V» -белгиси студентлер бурын билген мазмунға қойылады.
- «-« -(минус) белгиси студентлердиң алған мағлыўматы, алған билимлерине қарсы мазмунға қойылады.
- «+»-(плюс) белгиси студентлер ушын жаңа болған мазмунға қойылады
- «Ў»- (сораў) белги студентлер ушын түсиниксиз, қосымша мағлыўматты талап ететуғын мазмунға қойылады.

**«Инсерт» стратегиясы**

- Инсер стратегиясын қолланғанда биринши адым ретинде көрсетилген тема бойынша «Мийге ҳүжим» жүргизиледи, екинши адым ретинде бюерилген мазмунды белгилерди қолланыў жәрдеминде индивидуал оқыў талап етиледи, үшинши адым ретинде «мийге ҳүжим» тийкарында алынған нәтийжени оқыў тийкарында алынған мазмун менен байланыста анализлеў алып қаралады, төртинши адым ретинде алынған мағлыўматты «Инсерт» таблицасы түринде системаластырыў керек.
- Таблица «Инсерт»

| V | + | - | Ў |
|---|---|---|---|
| | | | |

**«Еки бөлимли күнделик» усылы**

- «Еки бөлимли күнделик» усылын қолланыў сабақ соңында он бес минут даўамында студентлерден өтилген материал бойынша өзлериниң пикирлерин жазыў талап етиледи. «Еки бөлимли күнделик» усылы студентлерде информациялық, операциялық қәсийетлерди раўажландырады.
- Бул усылды қолланыў бойынша методикалық көрсетпелер:
- Биринши адым- дәптер бети екиге бөлинеди.
- Екинши адым- студент лекцияда өзине анағурлым дәрежеде тәсир еткен (унаған яки белгили бир дәрежеде сораў туўдырған) пикирлерди, оқытыўшының идеяларын дәптердиң шеп тәрепине жазады.
- Үшинши адым- дәптердиң оң тәрепине студент берилген пикирлерге өзиниң түсиндирмелерин жазады.
- Төртинши адым- текстти оқып көрип, студентлер дәптерге өзлериниң көз-карасларын жазады.
- Бесинши адым- жумыстың соңында студентлердиң ҳәр бири өзлериниң пикирлери менен басқа студентлерди таныстырыўға ҳақылы, олардағы өзлрине унаған идеяларды атап көрсетиўине болады

**«Шығыс картасы» усылы**

- Студентлер жазба түринде, лекцияның соңында өтилген материаллар бойынша «шығыс картасын» ислеп шығыўы тийис. Бир бет қағазға студентлер төмендеги үш пункт бойынша өзлериниң пикирлерин жазыўы тийис.
- 1.Лекцияның ең әҳмийетли бөлегин бөлип көрсетиўи тийис.
- 2.Лекцияның темасы бойынша бир сораўды түсиндириўи тийис.
- 3.Лекция материаллары бойынша улыўма түсиндирме бериўи тийис

**«Категориялық жақтан шолыў» усылы**

- Бул усыл студентлерде информациялық, операциялық уқыплылықты раўажландырады.
- Категориялық шолыў жасаўға көрсетпелер: бириншиден, студентлер берилген тема бойынша барлық тийкарғы идеяларды қағазға жазыўы тийис, екиншиден, алынған мағлыўматты улыўма белгилерге тийкарланған ҳалда бирлестириўши көрсетилген идеялардың ишинен ең улыўмалық дәрежеге ийе идеяларды бөлип алыўы керек, үшиншиден, алынған идеяларды, мағлыўматты лекцияның тийкарғы категорияларына сәйкес бөлистирилиўи тийис.

## 4. Өз бетинше жумысларды ҳәм ассесмент тапсырмаларын орынлаў бойынша көрсетпелер

Өз бетинше жумыс ретинде тыңлаўшыларға төмендеги берилген тапсырмалар бойынша жазба жумысты жазыў бериледи. Көлеми 5 бет. Берилген сораўлардың биреўи бойынша ҳәр бир тыңлаўшы әдебиятларды үйренип өзлериниң пикирин жазба түринде жазыў талап етиледи. Максимал балл – 0,5 балл.

Сораўлар:

1. Проблемалық оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
2. Концентрацияланған оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
3. Модуллик оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
4. Раўажланыўшы оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
5. Актив контекстлик оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
6. Ойынлы оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
7. Дифференциацияланған оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
8. Дәстүрий оқытыў дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
9. Инновациялық технологиялар дегенимиз не? Оның мақсетин, тийкарғы мазмунын, механизмин көрсетиң.
10. Проблемалық оқытыў ҳәм модуллик оқытыўды салыстырмалы анализлең. Олардың парқын көрсетиң.

### Ассесмент тапсырмасы, оған қойылатуғын талаплар

Сиз Өзбекистан Республикасында жоқары оқыў системасын раўажландырыў бойынша өзиңиздиң кафедраңыздың искерлигин үйренесиз. Мағлыўматлар келтирип өтесиз. Сол мағлыўматларды басшылыққа алған ҳалда **PEST-анализин** ислеп шығың. **PEST-анализи** ҳәр қандай оқыў орнының сыртқы орталығының төмендеги усыллар топарын үйрениўди талап етеди:

-сиясий-ҳуқықый

-экономикалық

-жәмийетлик-демографиялық

-технологиялық.

**Оның мақсети** – ЖОО ушын сынға алыў керек болған көрсеткишлерди анықлаў ҳәм оларды нейтралластырыў бағдарында көрип шығылыў зәрүр болған ис-илажларды өз ишине алады.

**Тапсырма:** Сиз ислейтуғын оқыў орнының раўажланыўына сезилерли тәсир етиўши сиясий, экномикалық, жәмийетлик, технологиялық /басқарыў/ факторларды анықлаң.

**Сиясий факторлар** – оқыў орнының раўажланыўына тәсир етиўши барлық ҳәрекетлер: республика, жергиликли ҳәм нызам ҳүжжетлери.

**Экономикалық факторлар** – оқыў орны жайласқан республиканың, қаланың экономикалық аўҳалы, бизнес ҳәм санаат кәрханаларының өз-ара қатнасықлары, шөлкемлерди қаржыландырыў сыпатламасы.

**Жәмийетлик факторлар** – ЖООның жәмийет пенен өз-ара қатнаслары, демографиялық жағдай, оқыў орны жайласқан қаланың мәдений-ағартыўшылық имканиятлары, жәмәәт, сондай ақ өндирис шөлкемлери менен жәмийетлик шериклик ҳ.б.

**Технологиялық /басқарыў/ факторлары** - оқыўды мәмлекет-жәмийет көз қарасынан басқарыўдың көриниси, басқарыў органларының ЖОО на қатнастағы ҳәрекетлери.

Енди бул факторларды төмендеги «Оқыў орнының сыртқы орталығы анализи» деп аталатуғын таблицаға киргизиң.

| Сиясий: | |
|---|---|
| + | - |
| Экономикалық | |
| + | - |
| Жәмийетлик /социум/ | |
| + | - |
| Басқарыў технологиялары | |
| + | - |

Сыртқы факторларды үйренип болғаныңыздан кейин ишки жағдайды үйрениң ҳәм өзиңиздиң кафедраңыздың тәжрийбесинен келип шығып оқыў системасын раўажландырыўға болатуғын /«- »ты «+» ке айландыратуғын/ усынысыңызды бериң.

## 4. СЛАЙД МАТЕРИАЛЛАРЫ






**Инсанлық бағдарланған тәлим ең алды менен тәлим парадигмасының алмасыўын аңлатады.**







**Бизлер «бир өмир ушын билим» (образование на всю жизнь) принципинен «өмир даўамында билим» (образование через всю жизнь) принципине өтиўимиз тийис.**

## Үзликсиз тәлим идеолгиясын конкретлестириў сызылмасы






## Қадағалаў ушын сораўлар:

1. Билимлендириў философиясы предметине қандай мәселелер киреди?
2. Билимлендириў философиясы өз алдына тараў сыпатында қашан пайда болған?
3. Билимлендириў философиясының басқа философиялық илимлер менен байланысын түсиндириң.
4. Билимлендириўдиң гуманизациясы дегенде нени түсинесиз?

## 2-лекция. Билимлендириў система сыпатында

**Таярлаған: философия илимлери докторы Бердимуратова Алима Қарлыбаевна**

2018-жыл

## 2-лекция. Билимлендириў система сыпатында

*Реже:*

1. **«Тәлим» категориясының тийкарғы сыпатламалары.**
2. **Педагогикалық системаның да өмиршеңлиги, перспективлилиги, турақлылығы**
3. **Билимлендириў системасының тийкарғы элементлери**

**Педагогикалық системаның структуралық сызылмасы**




### *Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлерине төмендегилерди киргизсек болады:*

- **тәлимниң фундаменталласыўын, ол өз гезегинде тәлимниң сапасын арттырыўға өзиниң салмақлы тәсирин тийгизиўи шәрт.**
- **тәлимниң барлық системасының озыў, алға илгерлеў характерине ийе болыўы, оның келешектеги постиндустриаллық цивилизацияның, адамның дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыў проблемаларына бағдарланыўы.**
- **аралықтан оқытыў ҳәм өзин мустақил оқытыў мүмкиншиликлеринен келешекте хабар ҳәм телекоммуникациялық технологияларды пайдаланған ҳалда кеңнен қолланыў жолы арқалы мәмлекет халқы ушын тәлим системасының қол жетерли дәрежеде болыўы.**

Методика ҳәм технологияның салыстырмалы сыпатламасы

| Салыстырыў белгилери | Методика | Технология |
|---|---|---|
| **Ўазыйпасы** | Оқытыўдың конкрет методларын, шөлкемлестириўши формаларын, қуралларын қолланыўды усыныс етеди. | Оқытыўдың мақсетлерин ҳәм басқарыўын есапқа алған ҳалда оқытыў методларының, шөлкемлестириўши формалардың ҳәм қуралладың системасын дөретиў процессин усыныс етеди. |
| **Анықламасы** | Оқытыўдың илимий дәлилленген қағыйда ҳәм усылларының, методларының системасы. | Оқытыў мақсетлерине ерисиў инструментарийи. Әмелиятта алдыннан лойиҳалаштирилган оқытыў процессиниң, оқытыў процессин басқарыў мақсетлерине ерисиў системаларының, усыллар ҳәм қуралларының системалы ҳәм избе-из иске асырылыўы. |
| **Дөретиўдиң фактлик негизги дәслепки шараятлары** | Технологияда дәлиллениў ҳәм қурылыў процессин табады. | Мақсетлер, нәтийжеге бағдарланыўы. Методиканың методологиялық тийкары |

Методика ҳәм технологияның салыстырмалы сыпатламасы

| Салыстырыў белгилери | Методика | Технология |
|---|---|---|
| **Парадигма** | Оқыў процессин шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша усыныслардың жыйнағы | Келешектеги оқыў процессиниң жойбары. |
| **Ориентация** | Үйретиўшилерге (оқытыўшыларға) | Үйрениўшилерге |
| **Бағдарланыўшылық** | Белгили мақсетлерди иске асырыўға ямаса конкрет предметке | Оқыў материалын үйрениўге болған усылларды универсалластырыўға |
| **Оқытыўдың динамиклилигин сәўлелендириў** | Анық конкрет усынысларды береди | Оқытыў процессиниң процессуаллық динамиклик характерин сәўлелендиреди. |
| **Интеллектуаллық қатнас** | Берилген предметке (темаға) тар предметлик қатнас. | Педагогтиң ойлаўы ҳәм искерлиги менен байланыслы болған мәдений түсиник. |

# Қадағалаў ушын сораўлар:

1. **Система дегенимиз не?**
2. **Билимлендириўдиң система сыпатындағы өзине тәнликлери қандай?**
3. **Билимлендириўдиң система сыпатындағы тийкарғы подсистемалары ҳам олар арасындағы байланысты түсиндириң**
4. **Билим бериўде метод ҳәм технология түсиниклериниң өзгешеликлери қандай?**


3-лекция. Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли
Таярлаған: философия илимлери докторы
Бердимуратова Алима Қарлыбаевна
2018-жыл


3-лекция. Жоқары оқыў орынларының билимлендириў процессиндеги роли
Реже:
1. Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оның иске асырылыўы бойынша дидактикалық усыллар
2. Тәлимниң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери
3. Жоқары билимлендириў системасының раўажланыў стратегиясы бағдарлары

## Жоқары кәсиплик билимди алыўда төмендеги ўазыйпалар шешилиўи тийис:




## Жоқары кәсиплик билимлендириўдиң социаллық-экономикалық ҳәм илмий-техникалық раўажланыў перспективаларына сәйкес келиўши оқытыў мазмунын таңлаў ҳәм мақсетлер қойыўдың стратегиясы бағдарлары



**Қолланылыў тараўына ҳәм тастыйықланыў дәрежесине қарай жоқары кәсиплик тәлимниң төмендегише түрлерин бөлип көрсетеди:**

- -халықаралық, ол халық аралық нормативлерге сәйкес ислеп шығылады;
- -мәмлекетлик (миллий, федераллық), елдиң ҳүкимети ямаса ол тәрепинен ҳуқық берилген орган тәрепинен белгиленеди;
- -регионаллық, дара регионлар ушын олардың тармақлар ара ҳәм арнаўлы жағдайларына сәйкес ислеп шығылады ҳәм ҳәкимияттың регионаллық органлары тәрепинен тастыйықланады.

## Қадағалаў ушын сораўлар:

- **Жоқары билимлендириў системасының билим бериў системасындағы орны ҳаққында не айта аласыз?**
- **Жоқары билимлендириў системасын реформалаўдың тийкарғы бағдаралары хаққында нелерди билесиз?**
- **Шахсқа бағдарланған билимлендириў дегенде нени түсинесиз?**
- **Билим бериў тараўы менен экономика тараўларының байланысын калай тусиндирген болар едиңиз?**

## 4-лекция. Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары

**Таярлаған: философия илимлери докторы Бердимуратова Алима Қарлыбаевна**

2018-жыл

## 4-лекция. Билимлендириў процессиниң ишки имканиятлары ҳәм проблемалары

*Реже:*

1. **Билимлендириў кризиси**
2. **Жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында билимлендириўге қойылатуғын талаплар**
3. **Билимлендириў процессине ҳәзирги заман талапларының мәмлекетлик тәлим стандартларында сәўлелениўи**

**Инсанлық бағдарланған тәлим ең алды менен тәлим парадигмасының алмасыўын аңлатады.**









## Қадағалаў ушын сораўлар:

1. **Бүгинги күнде билимлендириў тараўындағы кризис нелер менен белгиленеди?**
2. **Билимлендириўге жәмийеттиң раўажланыў бағдары қандай талапларда көзге тасланады?**
3. **Дөретиўшиликке бағдарланған билимлендириў дегенде нелерди түсинесиз?**
4. **Тәбийий илимлерди гуманизацияланыўына мысаллар келтирсеңиз.**


5-лекция. Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы
Таярлаған: философия илимлери докторы Бердимуратова Алима Қарлыбаевна
2018-жыл


Инновациялық тәлимниң баслы мақсетин адамның дөретиўшилик потенциалын сақлаў ҳәм раўажландырыў береди.
Бирақ бүгинги күни дөретиўшилик ҳәм жобаластырыў жеткиликсиз болады. Тәлим улыўма адамзатлық қадриятлар менен суўғарылыўы тийис.
Оның ушын биринши гезекте тәлим инсанның ишки еркинлиги ҳәм оның социаллық жуўапкершилигиниң биригиўине, басқаша пикирлеўге шыдамлы болыўға тийкарланған гармониялық ойлаўды раўажландырыўы тийис.
Усы инсанға берилген сыпатламалар бүгинги күни БМШ ҳүжжетлеринде басшылыққа алынған жер цивилизациясының тийкарғы қәдриятларының қатарына киргизилген.




*Үзликсиз тәлим бурын өмир сүрген дискретлик системаға альтернатива сыпатында, оның гуманистлик бағдарланған конституциясы ҳәм тәлимди реформалаўға қатнаста жетекши усыл сыпатында алып қаралады.*

**Бизлер «бир өмир ушын билим» (образование на всю жизнь) принципинен «өмир даўамында билим» (образование через всю жизнь) принципине өтиўимиз тийис.**

## Үзликсиз тәлим идеолгиясын конкретлестириў сызылмасы




## Қадағалаў ушын сораўлар:

1. Билимлендириў мәмлекет ушын кадрият дегенде нени түсинесиз?
2. Жәмийет уын билимлендириўдиң кадрияты нелерде көзге тасланады?
3. Инсан ушын билимлендириўдиң кадрият екенлигинен қандай жуўмақлар шығады?
4. Инновация денде нени түсинесиз?

# 5.ПИТКЕРИЎ ҚАНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ ТЕМАЛАРЫ

1. Миллий билимлендириў системалары (салыстырмалы анализ)
2. Билимлендириў тараўындағы реформаларда гуманитар билимлердиң роли
3. Ҳәзирги күнде билимлендириў тараўында кыйыншылықлар ҳәм олрды сапластырыў жоллары.
4. Кадрлар таярлаўда гуманитар билимлендириўдиң әҳмийети
5. Билимлендириўдиң инсаныйласыўы ҳам информацияласыўы
6. Философия пәнин жоқары билимлендириў системасында оқытыўдың инновацион методлары.
7. Билимлендириў процессинде қадриятлар системасы
8. Жоқары тәлимниң заманагөй концепциясы ҳәм оны иске асырыўда инновациялық технологияларының роли
9. Билимлендириўдиң заманагөй проблемаларының структурасы ҳәм олардың шешилиў жоллары
10. Билимлендириўдиң перспективалық системасының әҳмийетли өзгешеликлери

# 6. ГЛОССАРИЙ

| Термин | Қарақалпақ тилиндеги түсиндирме | Англичан тилиндеги түсиндирме |
|---|---|---|
| **МЕТАФИЗИКА** | «биринши философия», ең биринши басламалар ҳәм жасап атырған бар нәрселердиң себеби ҳаққындағы улыўма ҳәм бир пүтин ретинде, матераильлық ҳәм руўхый, «ең соңғы тийкарламалар», терең, «қудайылық», абсолют, болмыс ҳәм болмаслық ҳаққындағы тәлимат. | "The first philosophy" is the teaching of the materiel and spiritual, "the most recent things", the deep, the "purity", the absolute, the being and the instruction of the cause of the very first publications and the causes of what they have done. |
| **ОНТОЛОГИЯ** | болмыстың улыўма теориясы: дүньяда хеш нәрсе пайда болмайды, доқ болып кетпейди, мәнги ҳәм мудамы жасайтуғын, хәр қандай конкрет болмыстың тийкарын ҳәм дерегин пайда етеди; «болмыс» дегенимиз не, қандай түрлери усыллары бар, болмыстың қандай «қатламлары» бар, олар бир бири менен қалай байланысқан деген сораўларға жуўап береди. | the theory of the existence of the universe: everything in the world does not arise, it does not go away, it keeps the subject and the body, what exactly the facts and details of the existence of the universe; What is "real" or what types of patterns exist, what "repressions" of the existence, and how they relate to each other. |
| **ТӘБИЯТ ФИЛОСОФИЯСЫ (натурфилософия)** | тәбият ҳаққындағы (Космос, дүнья, Әлем, универсум), яғный кеңисликте ҳәм ўақытта болған материальлық болмыс ҳаққындағы тәлимат. | (Cosmos, World, Universe, Universe), and the material being that is in the realm of time. |
| **ПСИХОЛОГИЯ** | руўх субстанция сыптанда, адамның «ишки дүньясы», сана ҳәм санасызлық психикалық процесслер, материальлық емес, субъектив реаллық ҳаққындағы тәлимат. XIX-әсирге шекем психология философияның қурамына киретуғын еди. Ҳәзирги ўақытта философиялық психология менен бир қатар көп жеке психологиялық илимлер ҳәм бар. | The science of the substance is the teaching of the real world, the "business world", the mind and the unconscious psychic processes, the material, not the subjective reality. The XIX-thrilling Psychology was included in the structure of philosophy. At present there are many personal psychological sciences as well as philosophical psychology. |
| **ЛОГИКА** | ақыл, ойлаў, туўры, избе-излик, тәртиплескен (қағыйда бойынша) пикир жүритиўлер ҳаққында, билимниң ҳақыйқатлығының формальлық шәртлери, түсиниклер, пикирлеўлер ҳәм ой-жуўмағы, аргументация ҳәм дәлиллеў методлары ҳаққындағы | intelligence, reasoning, consciousness, intelligence, formal education, truthfulness of the knowledge, understanding, thinking and argument, argumentation and methodology. In addition to the formal logic of formal |

| | | |
|---|---|---|
| | тәлимат. Традициялық ямаса формальлық логика менен бир қатар философияда математикалық яки символикалық логиканы (логистиканы), ҳәм де диалектиклық логиканы бөлип көрсетиўге болады. | logic, you can distinguish mathematical or symbolic logic (logistics) and dialectical logic in philosophy. |
| **ГНОСЕОЛОГИЯ** | (билиў теориясы) – билим, билиўдиң дереклери, усыллары, барлығы, шеги, түрлери, методлары ҳаққында, билимниң субъекти ҳәм объекти, оның мазмуны ҳәм раўажланыўы ҳаққында, ҳақыйқатлық ҳаққында илим болып табылады. | (Theory of knowledge) - is knowledge about knowledge, sources of knowledge, motives, all, limits, types and methods, the subject and the object of knowledge, its contents and development. |
| **ЭТИКА** | адамның ең жоқары жақсылығы (благо), адамның ерки, ис ҳәректелери, қылықларын белгилеўши тийкарламалар, жақсылық ҳәм жаманлық, мораль ҳәм әдеп-икрамлылық, әдалат, бахыт ҳаққындағы тәлимат. | the best of human beings is the teaching of goodness, the will of the human being, the deeds, the attributes of the deeds, the good and the evil, the morality and the ethics, the deed, and the happines. |
| **ЭСТЕТИКА** | (искусство философиясы) – гөззаллық, оның тәбиятта ҳәм искусствода келип шығыўы (формалары); искусствоның улыўма теориясы, оның адамның өмиринде тутқан орны. | (philosophy of art) - extravagance, its occurrence in art and art (forms); art theory, its place in human life. |
| **ФИЛОСОФИЯЛЫҚ АНТРОПОЛОГИЯ** | адам ҳаққында тәлимат, адамның өзиниң өзи ҳаққында бир пүтин түсиниги, өзиниң барлығын излеўи, оның өзиниң бул дүньядағы орны. | teaching you the truth, understanding a person's own desires, searching for all of you, his place in this world. |
| **СОЦИАЛЬЛЫҚ ФИЛОСОФИЯ** | барлық, бар нәрсе ҳаққындағы тәлимат, жәмийеттиң дүзилиси, оның жасаўының ең улыўма нызамлары, адамның өзиниң басқа адамлар менен сәўбетлесиў мүнәсибети арқалы социаллық мақлуқат сыпатында өзин өзи пайда етиўи; ҳәзирги индустриаль ҳәм постиндустриаль жәмийеттиң ҳәм илимий-техникалық цивилизацияның критикаланыўы. | everything else, everything you do, the essence of the government, the most powerful things you can do, the self-exploitation of the social ideal, thanks to the person's self-confidence with other people; criticism of industrial and post-industrialist and scientific-technical civilization. |
| **ТАРИЙХ ФИЛОСОФИЯСЫ** | дүнья жүзлик тарийхтың мәнис-мазмуны, нызамлары, периодлары ҳаққында тәлимат, адамзаттың бир пүтин сыпатында тәғдири ҳаққында, адамзат болмысының тарийхийлигиниң изертлениўи. | the world teaches about the meaning, content, and periods of the hundredths of transmission, the taste of humanity as a culmination, the perfection of human nature. |
| **ИЛИМ** | илимий билимниң ҳәм билиўдиң | principles of scientific |

| | | |
|---|---|---|
| **ФИЛОСОФИЯСЫ** | мәнисиниң өзгешелигин үйрениў, оның тийкарламалары, принцип ҳәм методлары, форма ҳәм мақсетлери, илимниң жәмийеттеги орны, илимниң адамның өмирине тәсири ҳаққындағы тәлимат. | knowledge and know-how, its concepts, principles and methods, form and purpose, the place of knowledge in science, teaching of the science of human life. |
| **ДИН ФИЛОСОФИЯСЫ** | динниң мәнис-мазмуны, оның келип шығыўы ҳәм формалары, Қудай, «қудайылық», динниң адам ҳәм жәмийет ушын әҳмийетлилиги ҳаққындағы тәлимат | the essence of religion, its origin and its forms, the teaching of God, "the doctrine," the religion of humanity and its well-being. |
| **ТИЛ ФИЛОСОФИЯСЫ** | философиялық проблемаларды (онтологиялық, гносеологиялық, этикалық ҳ.т.б.) шешиў мақсетин гөзлеген ҳалда, тилдиң пайда болыўын, раўажланыўын, қәлиплесиўин, қолланылыўын ҳәм мазмунын изертелйди. | examines the origin, rationalization, authenticity, accessibility and content of the language, with the aim of solving philosophical problems (ontological, gnoseological, ethical, etc.). |
| **ПРОЦЕСС** | (латынша prozessys сөзинен алынған болып), алға ҳәрекет, өзгериў деген мәнисти аңдатады. | (derived from the prozessys word in Latin), the need to move forward, to change. |
| **МЕТОД** | (грекше Metodos сөзинен алынған болып, излениў ямаса билиў жолы, теория, тәлимат мәнисин аңлатады) конкрет ўазыйпаны шешиўге бойсынлырылған, болмысты практикалық ямаса теориялық өзлестриў операцияларының ямаса жолларының жыйындысы. | (the Greek word derived from the Metodos word, the way of searching or the theory, the theory of education) is an aggregate of the ways in which theoretical and practical correlation of the essence of the problem is solved. |
| **ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ПРОЦЕСС** | таълим бериўши менен таълим алыўшы ортасындағы берилген мақсетке ерисиўге бағдарланған ҳәм белгиленген нәтийжеге алып келиўши ара тәсир процесс есапланады. | a process that leads to the goal set in the middle of the tale-taker and focuses on the predetermined result. |

## 7. ТЕСТ МАТЕРИАЛЛАРЫ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Инсанның индивидуаллық өзгешеликлерин есапқа алаған ҳалда оқыў процессин шөлкемлестириў тәлимниң ________ деп аталады. | Индивидуалласыўы | Гуманитарласыўы | Адамгершиликли | Интеграциясы | 1 |
| 2 | «Визуаллық түсиниў» түсинигиниң авторы ким? | В. Давыдов | М.Мамардашвили | М.Вартофский | Н.Розов | 3 |
| 3 | Билимлендириў категориясы қандай төрт компоненттен турады? | Фактор, процесс, қатнасық, социум | Процесс, субъект, социум, нәтийже | Объект, предмет, система, социум | Қәдрият, система, процесс, нәтийже | 4 |
| 4 | Билимлендириў процессин шөлкемлестириў неше фактор менен анықланады? | Еки | Бес | Үш | Төрт | 3 |
| 5 | Материаллық ҳәм руўхый мәденияттың жәмийетлик раўажланыў дәрежеси | Социум | Цивилизация | Жәмийет | Мәмлекет | 2 |
| 6 | Қаралып атырылған қубылыслардағы себепли-нәтийжели байланысларды ашыўға, олардағы тенденцияларды ҳәм белгили бир қалипликти анықлаўшы функция не деп аталады? | Сүўретлеўши | Прогнозлық | Түсиндириўши | Диагностикалық | 3 |
| 7 | Әййемги дүньяда қудайлық илимлер ретинде қайсы илимлер алып қаралған? | Әдебият ҳәм биология | Сызыў ҳәм химия | Жазыў ҳәм оқыў | Математика ҳам астрономия | 4 |
| 8 | «Халықлық тәлим» ҳәм «халықлық мектептиң» | К.Ушинский | И. Песталоцци | Т.Мор | А. Дистервег | 2 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | тийкарын салған ким? | | | | | |
| 9 | Қандай да бир шешимге ерисиў усылы – ол______ | Жол | Метод | Прием | Қурал | 2 |
| 10 | Базар механизминиң тийкарына қандай формула қойылған? | «Объект - усыныс» | «Субъект- объект» | «Талап - субъект» | «Талап – усыныс» | 4 |
| 11 | Теориялық билимниң методикалыққа өтиўи – қандай функцияның иске асыўын аңлатады? | Жойбарлық-конструкторлық | Сүўретлеўши | Қайта өзгертиўши | Қадағалаў-баҳалаўшы | 1 |
| 12 | Э.Гуссерль қандай түсиникти илимий айланысқа киргизген? | «Дүньяны дөретиўши» | «Илимий билиў» | «Өмирлик кеңислик» | «Өмирлик дүнья» | 4 |
| 13 | «Әдеп-икрамлылық тәрбия» теориясын ким ислеп шыққан? | И. Гербарт | И. Кант | Гельвеций | А. Дистервег | 1 |
| 14 | Берилген жәмийеттеги қабыл етилген қәдриятларға тийкарланатуғын қандай да бир статусты мойынлаў яки тастыйықлаў не деп аталады? | Легализация | Легитимизация | Латенсификация | Левитанация | 2 |
| 15 | «Адам тек ғана тәрбия арқалы адам бола алады. Тәрбия адамнан нени ислесе, ол соны аңлатады» - деген қағыйданың авторы ким? | И.Иснер | И.Фихте | Гегель | И. Кант | 4 |
| 16 | Инсанның абстрактлик-антропологиялық теориясының авторы ким? | Р. Роджерс | А. Маслоу | Э.Робертс | М. Макклекланд | 2 |
| 17 | Оқыў-методикалық тестлер, | Формалары | Типлери | Қуралы | Усыллары | 3 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | көргизбели қураллар, компьютерлер ҳам басқалар - билимлендириў ______ | | | | | |
| 18 | «Прогрессивлик мектеп» яки « ҳарекет мектеби» парадигмасының тийкарын салған ким? | А. Маслоу | М.Макклеланд | Р.Роджерс | Дж. Дьюи | 4 |
| 19 | Тәлимниң мақсетлерин, мазмунын, методларын, қуралларын ҳәм шөлкемлестириў формаларын дәлиллеўге қаратылған усыллар ҳаққындағы билимлер системасы не деп аталады? | Педагогикалық бағдарлама | Педагогикалық искерлик | Дүньяны педагогикалық сезиў | Педагогикалық система | 4 |
| 20 | Предметлер ҳам қублысларды олардың әҳмийетли қасийетлерин белгилеў жәрдминде улыўмаластырған ҳалда сәўлелендириўши ойдың формасы | Парадигма | Түсиник | Нызам | Норма | 2 |
| 21 | Жәмийеттиң қәлеген тараўында қарсылықларды сапластырыўға бағдарланған ҳәрекетти аңлатыўшы процесс | Теория | Парадигма | Гипотеза | Аксиома | 4 |
| 22 | Методика ҳаққындағы көз қарас биринши рет математикада қашан қәлиплескен? | XVIII - әсирдиң 60 жылларында | XIX - әсирдиң 70 жылларында | XX - әсирдиң ақырында | XX-әсирдиң басында | 2 |
| 23 | Инсанның өзи | Өзин - өзи | Өзин - өзи | Өзин - өзи басыў | Өзин - өзи | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | тәрепинен басқарылатуғын мақсетке бағдарланған билиўлик искерлик не деп аталады? | оқытыў | регуляциялаў | (самоподавление) | исендириў (самовнушение) | |
| 24 | Тәлимниң улыўма теориялық проблематикасын, мақсетлерин ҳәм қәдриятлық тийкарларын, оның мазмунының ҳәм бағдарланыўының қәлиплесиў принциплерин изертлеў тараўы ____________ философиясы деп аталады. | Оқытыў | Раўажланыў | Тәлим (билимлендириў) | Тәрбия | 3 |
| 25 | Теориялық билимниң методикалыққа өтиўи қандай функцияның иске асқанлығын аңлатады? | Жойбарлық-конструкторлық | Бақлаў-баҳа бериўши | Сүўретлеў | Қайта өзгертиўши | 1 |
| 26 | Инсанның раўажланыўы ҳәм билим алыўы иске асатуғын оқытыўшы ҳәм оқыўшының искерлиги не деп аталады? | Билимлендириў | Қәлиплесиў | Оқытыў | Тәрбия | 3 |
| 27 | Билимлендириў философиясының статусын анықлайтуғын тийкарғы неше усыл бар? | Үш | Еки | Төрт | Бес | 1 |
| 28 | Тәлимниң өмир сүриўиниң ҳәм раўажланыўының улыўма фундаменталлық тийкарлары билимлендириў философиясының ______ береди. | Темасын | Субъектин | Объектин | Предметин | 4 |
| 29 | Билимлендириўдиң ақырғы | Саўатлылық идеалы менен | Мотивациялық идеал менен | Үйрениў идеалы менен | Креативлик идеал менен | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | мақсети______ белгиленеди. | | | | | |
| 30 | Дидактикалық энциклопедизм бағдарының ўәкиллери | Я.Коменский ҳәм Дж Мильтон | Дж. Дьюи ҳәм Г.Кершенштейнер | И.Гербарт ҳәм А. Немейер | В.Оконь ҳәм Э.Шмидт | 1 |
| 31 | Алдыннан көриўшилик, алдыннан айтыўшылық – бул____ | Прогноз | Жобаластырыў | Көз ашықлық | Алдын ала билиў (провидение) | 1 |
| 32 | «Мен - концепциясыны ң» авторы ким? | Р.Бернс | Э.Берн | Э.Робертс | А.Маслоу | 1 |
| 33 | Оқыўшының уқыплылығын, қызығыўшылығ ын, инталылығын есапқа алып оқыў искерлигин шөлкемлестириў не деп аталады? | Индивидуаллық-инсанлық тәлим | Тәлимниң гуманитарласыўы | Тәлимниң гуманизацияланы ўы | Тәлимниң дифференциациял аныўы | 4 |
| 34 | Европада дүньялық мектепти дөретиў идеясын ким алға сүрген? | И.Гербарт | А.Дистервег | Д.Дидро | Гельвеций | 4 |
| 35 | Немец тилиндеги философиялық-педагогикалық әдебиятта «билимлендириў » терминин қолланыў хош көрилмейди, оның орнына қайсы термин пайдаланылады? | Оқытыў | Раўажланыў | Қәлиплесиў | Тәрбия | 4 |
| 36 | Жеке адамның қайталанбас өзгешелиги қайсы түсиник пенен анықланады? | Лидерлик | Интерферентлик | Индивидуаллық | Темперамент | 3 |
| 37 | Предметлердиң сәўлеленген қәсийетлериниң жыйнағы түсиниктиң ______ береди. | Тереңлигин | Мазмунын | Объектин | Мәнисин | 2 |
| 38 | Дидактикалық утилтаризмниң ўәкиллери | И.Гербарт ҳәм Ж.Руссо | В.Оконь ҳәм Э.Шмидт | Я.Коменский ҳәм Дж. Мильтон | Дж.Дьюи ҳәм Г.Кершенштейнер | 4 |
| 39 | Гуманитар | Инженеризация | Инжевариатизаци | Инжепроктация | Инжестализация | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | мәденияттa техникалық анықланыўшылықты бөлип көрсетиў не деп аталады? | | я | | | |
| 40 | Шектеги иррационаллық индивидуализм концепциясын ким ислеп шыққан? | Ф.Ницше | А.Шопенгауэр | Р.Оуэн | С.Кьеркегор | 1 |
| 41 | Адамлар тәрепинен топланған мәденияттың, билимлердиң әўладтан әўладқа педагогикалық шөлкемлескен түрде өтип отырыўы жәрдеминде адамның уқыплылықларын мақсетке бағдарланған ҳалда раўажландырыўы не деп аталады? | Раўажланыў | Тәрбия | Оқытыў | Тәлим (билимлендириў) | 4 |
| 42 | Инсанның ҳәм жәмийеттиң талапларына сәйкес келиўши ҳәм шөлкемлесиўи мәмлекетлик жәмийетлик институтлар системасы менен тәмийинленген инсанның өмири даўамында билимлендириў потенциалының өсиў процесси не деп аталады? | Үзликсиз тәлим | Өзин өзи оқытыў | Аралықтан оқытыў | Еркин тәлим | 1 |
| 43 | Песталоццидиң педагогикалық системасының тийкарғы түсиниклери ретинде _______ алып қаралған. | Созерцание, рефлексия, метод, элемент | Сезиўлер, сана, активлик, метод | Созерцание, түсиниў, өзин шөлкемлестириў | Ассоциациялар (уқсатыўлар), метод, дөретиўшилик, өзин өзи оқытыў | 1 |
| 44 | Балаларда белгили | Оқытыў | Раўажланыў | Тәлим | Тәрбия | 4 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | сапаларды, көз қарасларды, инанымларды қәлиплестириўге бағдарланған жәмийетлик жумыс не деп аталады? | | | | | |
| 45 | Берилген социаллық жағдайларда педагогикалық искерликтиң барлық қурамларын улыўма, инвариантлық түрде сыпатлайтуғын өз-ара байланысқан компонентлердиң тәртипке салынған жыйнағын қандай система деп атаймыз? | Оқыў-раўажландырыўшы | Педагогикалық | Оқыў-тәрбиялық | Тәлим (билимлендириў) | 2 |
| 46 | «Адам – тәбияттың тажы» формуласын ким қәлиплестирген? | А.Дистервег | Ж.Руссо | И.Гербарт | И.Песталоцци | 2 |
| 47 | Тәлимдеги үшлик: оқыў-тәрбиялық, илимий-изертлеў ҳәм басқарыў искерлигиниң бирлиги педагогикалық _____ деп аталады. | Басқарыў | Комплекс | Искерлик | Система | 3 |
| 48 | Педагогикалық ҳақыйқыйлықтың сәйкес тәреплерин сүўретлеў, түсиндириў, алдыннан көриў ҳәм қайта өзгертиў функцияларын атқарыўшы педагогикалық объектлердиң әҳмийетли | Педагогикалық теория | Билимлендириў теориясы | Тәрбиялық парадигма | Тәлимлик-раўажланыўшы доктрина | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | тийкарлық объективлик ҳәм нызамлы қасийетлери ҳәм байланыслары ҳаққындағы логикалық жақтан тәртипке салынған билимлер системасы не деп аталады? | | | | | |
| 49 | Үлкен системаларды изертлеўде нәтийжелирек усыл ретинде төменде берилген қайсы усыл алып қаралады? | Программалық-мақсетли усыл | Шөлкемлестириўши-мақсетли усыл | Потенциаллық-мақсетли усыл | Структуралық-ресурслық усыл | 1 |
| 50 | Адамлар тәрепинен топланған мәденияттың, минез-қулық қағыйдаларының, технологиялардың әўладтан әўладқа педагогикалық шөлкемлескен түрде өтип отырыўы жәрдеминде адамның уқыплылықларын мақсетке бағдарланған ҳалда раўажландырыў не деп аталады? | Өзин - өзи оқытыў | Оқытыў, үйретиў | Билимлендириў | Тәрбия | 3 |
| 51 | Адам искерлиги ҳәм билиў процессинде объектлер дүньясынан бөлинип алынған қандай да бир пүтинликти аңлатыўшы категория не деп аталады? | Объект | Субъект | Предмет | Тема | 3 |
| 52 | Гегельдиң | Идеялары | Эмоциялары | Ис-ҳәрекетлери | Ойлары | 3 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | пикиринше тәрбияның өлшемлери ретинде адамның ____ алып қаралады. | | | (поступки) | | |
| 53 | Белгили бир оқыў предметине оқытыў (үйретиў) теориясы  не деп аталады? | Инструкция | Методика | Система | Әмелият | 2 |
| 54 | Идеяларды, концепцияларды, доктриналарды әмелий қолланыў жағдайында мүмкин болған нәтийжелерди алдыннан көриў қандай функцияны береди? | Сүўретлеўши | Диагностикалық | Түсиндириўши | Прогнозлық | 4 |
| 55 | Гуманитар билиўди ислеп шығыўға тийкар салған ким? | М.Бахтин | В.Дильтей | В.Библер | К.Маркс | 2 |
| 56 | Қалеген бир пүтин тәлим теориясы барлық ўақытта | Пәнлер аралыққа ийе | Интегративликке ийе | Системалыққа ийе | Процессуаллыққа ийе | 2 |
| 57 | Канттың педагогикасының жетекши темасын қандай тәрбия береди? | Мийнетлик | Физикалық | Әдеп-икрамлық | Ақылый | 3 |
| 58 | Адамдағы индивидуаллық ҳаққындағы тәлиматты ким ислеп шыққан? | Сократ | Платон | Фалес | Аристотель | 4 |
| 59 | «Баланың руўхы таза тахтаға уқсайды» деген формуланы ким айтқан? | Дж. Локк | А.Дистервег | Ж.Ж.Руссо | Я.Коменский | 1 |
| 60 | «Билимлендириў» түсиниги ким тәрепинен киргизилген?. | Я.Коменский | В.Килпатрик | И.Песталоцци | Д.Дьюи | 3 |
| 61 | Мақсет-нәтийже системасында үзликсиз қайта байланысты | Өлшемлик-баҳалық | Қадағалаў-баҳалық | Жойбарлық-конструктивлик | Коррекциялық-рефлексивлик | 4 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | орнатыў, барлық тәлим процессин динамизациялаў қандай функцияны береди? | | | | | |
| 62 | Алға қойылған тәлим мақсетлерин табыслы иске асырыўға мүмкиншилик бериўши оқытыў ҳәм тәрбияның теориялық дәлилленген процесслерин қайта тиклеў қасийетлериниң ҳәм методларының жыйнағы дегенимиз не? | Раўажланыўшы техникалар | Тәлим технологиялары | Үйретиўши бағдарламалар | Коррекциялық жобалар | 2 |
| 63 | М.Шелер билимлендириў философиясына қандай түсиникти киргизген? | «Тәлим кеңислиги» | «Тәлимниң индивидуаллығы» | «Тәлим коммуникациялар ы» | «Тәлим билими» | 4 |
| 64 | Тәбиятлық болмыстан бөлеклениў ҳәм индивидтиң улыўмалыққа көтерилиўи түринде билимлендириўг е ким түсиндирме берген? | Р.Декарт | И.Кант | Г.Гегель | Дж.Дьюи | 3 |
| 65 | Оқыўшыларды оқытыў ҳәм тәрбиялаўдың рационаллық методлары ҳәм усылларын өзлестириў қандай искерлик деп аталады? | Методикалық | Тәрбиялаўшы | Коррекциялық | Дидактикалық | 1 |
| 66 | Антикалық дүньяда биринширлерден болып ким антропологиялы қ-педагогикалық идеяны | Гиппократ | Демокрит | Софокл | Сократ | 2 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | қалиплестирген | | | | | |
| 67 | Билиў процесси бағдарланған ҳақыйқыйлық тараўы | Илим объекти | Илим субъекти | Илим предмети | Илим образы | 1 |
| 68 | Тәлим тараўының өмир сүриўи ҳәм раўажланыўына тәсир етиўши пәнлер ара, сыртқы, фонлық параметрлер ҳәм факторларды есапқа алатуғын билимлендириўдиң барлық сыпатламалары билимлендириў философиясының ____береди. | Объект | Субъект | Предмет | Тема | 1 |
| 69 | «Оқытыўшыларды тәрбиялаўшылардың» ең бириншилеринен болған ойшыл ким? | Конфуций | Я.Коменский | Сократ | К. Ушинский | 3 |
| 70 | Улыўма тәлимниң еки гармониялы байланысқан аспектин көрсетиң. | Предметлик ҳәм персоналасқан | Гуманитарлық ҳәм инсанлық | Предметлик ҳәм инсанлық | Субъектлик ҳәм объектлик | 3 |
| 71 | Билимлендириў-педагогикалық болжаўдың баслы ҳәм әҳмийетли принципи ретинде қайсы принцип алып қаралады? | Дәлиллениўдиң конкретлесиўи | Изертлеўлик дәлиллениў | Изертлеў активлиги | Дәлиллениўдиң қолайлығы | 2 |
| 72 | «Метод» идеясын ислеп шыққан | И.Кант | Г.Гегель | М.Монтень | Р.Декарт | 4 |
| 73 | Билимлендириў философиясының илимлер системасында тутқан орнын анықлаўға болған үшинши усыл оның тийкарында дедуктивлик ҳәм | Пәнлер ара билимлер | Элементарлық илимлер | Әмелий илимлер | Фундаменталлық илимлер | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | индуктивлик логиканың гармониясының барлығына тийкарланады, усыған байланыслы философия ______ тараўын береди. | | | | | |
| 74 | «Саўатлылық» термининиң әҳмийетли педагогикалық сыпатламасын оған ерисиўдиң _______ береди. | Қолайлығы (доступность) | Пүтинлиги | Қолынан келетуғынлығы (посильность) | Сапасы | 1 |
| 75 | Денелик, руўхыйлық ҳәм жанлық факторлардың бир пүтин өз-ара тәсири сыпатындағы адамның антропологиялық раўажланыў концепциясына тийкарланған тәрбия ҳәм оқытыў методлары ҳәм қағыйдалары системасы қандай педагогика деп аталады? | Экзистенционаллық | Прагматикалық | Вальдорфлық | Гуманистлик | 3 |
| 76 | «Уллы дидактика» китабының авторы ким? | С.Шацкий | И.Песталоцци | К.Ушинский | Я.Коменский | 4 |
| 77 | «Тәрбия ҳәм оқытыў ҳаққында» китабының авторы | К.Сен-Симон | Г.Гегель | Ш.Фурье | Р.Оуэн | 2 |
| 78 | Биринши рет мәмлекетлик хызметкер сыпатында оқытыўшының статусы Францияда нешинши жылы киргизилген? | 1793 жылы | 1800 жылы | 1917 жылы | 1861 жылы | 1 |
| 79 | Кең пейиллик | Гуманизм | Калокагатия | Әдиллик | Рефлексия | 2 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | (сулыўлық), физикалық ҳәм руўхый жетикликтиң үйлесиўи не деп аталады ? | | Дурыс | | | |
| 80 | «Тәрбиялаўшы орталық» концепциясын ким ислеп шыққан? | И.Песталоцци | Ф.Ницше | Протагор | М.Шелер | 1 |
| 81 | Тийкарына сораўлар ҳәм мысаллар (үлгилер) жәрдеминде шынлықты билиў қойылған метод қандай метод деп аталады | Әңгимелер (беседы) | Гүрриң (рассказ) | Бақлаў | Үлги мысал | 1 |
| 82 | Ағартыўшылық дәўириниң билимлендириў идеалын көрсетиң | Гуманлылық (адамагершилик) | Руўхыйлық | Халықшыл | Бирлик | 1 |
| 83 | Сыртқыдан ишке өтиў – бул_____ | Интериоризация | Адаптация | Интеграция | Мотивация | 1 |
| 84 | Теория ҳәм практикада қойылған мақсетлерге ерисиўге бағдарланған искерликтиң жетекши нормасы – бул ____ | Тараўлар ара принциплер | Педагогикалық өзин - өзи анализлеў | Улыўма принциплер | Методологиялық принцип | 4 |
| 85 | Антикалық дәўирден баслап ҳәр тәреплеме раўажланған инсан идеясы биринши рет қайсы әсирде пайда болған? | XVII-әсирде | XIII-XIV-әсирде | XI-XII-әсирде | XVIII-әсирде | 2 |
| 86 | Билимлендириўдиң мазмунында улыўма мәдений компонентлердиң үстинлик раўажланыўына бағдарланған илажлар системасы | Гуманитарласыўын | Фундаменталласыўын | Гуманизацияланыўын | Демократияласыўын | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | тәлимниң ___________ береди. | | | | | |
| 87 | Философиялық билим айқын түрде __________ ажыралмас бирлигин сәўлелендиреди. | Жақсылық ҳәм жаманлықтың | Күш ҳәм ерктиң | Билим ҳәм исенимниң | Мораль ҳәм билимниң | 3 |
| 88 | Социаллық-экономикалық орталық, жәмийеттиң мәдений ҳәм руўхый турмысы тараўы | Социум | Халық | Миллет | Қәўим | 1 |
| 89 | «Дана адам өмир сүрип турған барлық нәрсениң өлшеми»- деген пикирдиң авторы ким | Демокрит | Кант | Дюркгейм | Протагор | 1 |
| 90 | Оқыўшының активлигин стимулластырыў принципин ким қалиплестирген? | Ж.Руссо | Р.Декарт | И.Песталоцци | Э.Гуссерль | 1 |
| 91 | Қандай да бир шешимге ерисиў усылы | Метод | Система | Нызам | Проблема | 1 |
| 92 | Изертлеў мәселелерин шешиўде үлги сыпатында қабыл етилген теория | Парадигма | Гипотеза | Метод | Методика | 1 |
| 93 | Песталоцци халықлық мектептиң жаңа типин, __________ оқытыўдың мазмунын ҳәм методикасын ислеп шыққан | Орта (мектеплик) | Жоқары кәсиплик | Орта кәсиплик | Басланғыш | 4 |
| 94 | Актуаллық раўажланыў дәрежеси ҳәм потенциаллық раўажланыў дәрежеси арасындағы айырмашылық не деп аталады? | Жәмийетлик-педагогикалық ҳәрекет | Тәбийий тәрбия | Жақын арадағы раўажланыў зонасы | Антропологизм | 3 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 95 | Мектеплик схоластиканы ҳәм догматлық оқытыўды сынға алыў тийкарында « билимлендириў_ ____» идеясы пайда болды. | Универсаллық | Классикалық | Прагматистлик | Раўажланыўшы | 2 |
| 96 | Тәлим ҳәм тәрбияның жәрдеминде көрсетиў ҳәм раўажландырыў зәрүр болған баланың потенциаллық таланты, оның уникаллығы ҳәм қайталанбаўшыл ығы ҳаққындағы тезис орайға қойылған тәрбия модели қандай модельди береди? | Социетарлық | Теоорайлық | Прагматистлик | Антропоцентрлик | 4 |
| 97 | Пед.технология философиясыны ң тийкарын неге бағдарланыў береди? | Үйрениўшилерд иң ҳәрекети арқалы оқытыўға | Оператив кери байланысқа | Оқыў процессин конструкциялаў | Анық мақсетке | 1 |
| 98 | Узликсиз тәлим искерлигин көрсетиўши принциплерди анықлаң. | Тәлимниң үстинлиги, тәлимниң демократияласы ўы, адамгершилик, социалласыў, миллийликке бағдарланғанлығ ы, тәлим ҳәм тәрбияның үзликсизлиги, инталы ҳәм зийрек жасларды анықлаў | Тәлимниң адамгершиликке бағдарланғанлығы , жәмийетлик бирге ислесиў | Тәлим ҳәм тәрбияның үзликсизлиги, зийрек жасларды анықлаў | Тәлимниң беккемлиги, Ўатан сүйиўшиликке бағдарланыўы | 1 |
| 99 | Тәлимди басқарыў усыллары | Авторитар, демократиялық, либерал | Авторитар, нейтрал, демократик | Либерал, новаторлық, интерактив | Демократик, интерактив, тренинг | 1 |
| 100 | Билимлендириўд иң қадриятлық сыпатламасы қандай өз-ара байланысқан блокларды өз ишине | Билимлендириў мәмлекетлик қадрият, жәмийетлик қадрият, инсанлық қәдрият | Билимлендириў мораллық, интеллектуаллық потенциал сыпатындағы блокларды | Билимлендириў қәлеген мәмлекеттиң руўхый-мәдений, экономикалық потенциалы сыпатындағы | Билимлендириў мәмлекетлик ҳам мәмлекетлик емес шөлкемлердиң сыпатламсын | 1 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | қамтыйды? | сыпатында алып қаралатуғын блокларды | | блокларды | | |

## 8. ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

### Дәрсликлер


1. Каримов И. Асарлар. 1-14-жилд. –Т.: Ўзбекистон, 1996-2007
2. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. –Т.: Маънавият, 2008
3. Қўшоқов Ш. Фалсафани ўқитиш методикаси. –Самарқанд.: Университет, 2006


### Оқыў қолланбалар


1. Қаххорова Ш. Б. Фалсафани ўқитиш методикаси. Т. Университет. 2006.
2. Ахметов Н.К., Хайдарова Ж.С. Игра как процесс обучения. А-А,1985
3. Қаххорова Ш. Фалсафага кириш. –Т.: Университет, 2005.
4. Балаев А.А. Активные методы обучения. М.,1986
5. Басова Н.В. Педагогика и практическая психология. Ростов на Дону, 2000.


### Қосымша әдебиятлар:


1. Борисова Н.В., Соловьева А.А. Игра в обучении лекторов. М., «Знание», 1990
2. Брушлинский А.Б. Психология мышления и проблемное обучение. М., 1983
3. Вербицкий А.А. Активное обучение в высшей школе: контекстный подход. М., «Высшая школа», 1991
4. Вербицкий А.А. Человек в контексте речи: формы и методы активного обучения. //Лекторское мастерство №11, 1990 /М., «Знание»
5. Выготский Л.С. Педагогическая психология. М., «Педагогика», 1991
6. Фалсафа қомусий луғат. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2005
7. Ғарб фалсафаси. / Қ.Назаров таҳрири остида. –Т.: ЎФМЖ, 2004
8. Шарқ фалсафаси. / Н.Иброҳимов таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2006
9. Фалсафа. Қисқа изоҳли луғат. Абдуллаева М. таҳрири остида. –Т.: Шарқ, 2004.
10. Зотов И.В.Бытие и сущее. –М.: Современные тетради, 2005.
11. Аршинов В.И. Синергетика как феномен постклассической науки. М. 1999.
12. Ахмедова М. Основы философии. -Т.: Узбекистан, 1998. -340 с.
13. Спиркин В. Бытие // Философия. Учебник. –М.: Канон, 2001. -500 с.
14. Философский энциклопедический словарь / под ред. Л.Ф.Ильичева. -М.: Сов. энциклопедия, 1983.
15. История философии. Энциклопедия. Интерпрессервис. –Минск.: Книжный Дом, 2002
16. Глобалистика. Международный энциклопедический словарь. / Под ред. Мазур И.И., Чумаков А.Н. –Москва-Санкт-Петербург-Нью-Йорк, ЕЛИМА, ПИТЕР, 2006.
17. Ахмедова М., Йўлдошев С., Шоматов О. Ҳинд фалсафаси. –Т.: 2006
18. http://www.mgimo.ru/fileserver/

19. http://www.ssu.runnet.ru/...
20. http://www.philol.msu.ru/~rlc2001/ru/sch_14.htm
21. http://www.philosophy.pu.
22. http://anthropology.ru/ru...
23. http://www.usu.ru/inform/.
24. http://www.tsu.ru/Webdesi...